Гъунапкъэнщэ зэпсэлъэныгъэ

2-нэ нап.

Лъэпкъыр, бзэр, щэнхабзэр япэ изыгъэщ

3-нэ нап.

Театр лэжьакIуэхэм я пшыхь гуапэ

4-нэ нап.

Гъуазджэм драгъэхьэх щIэблэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№45 (24.951) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 14, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъалэдэсхэР зыщIэлъэIуар хуагъэзащIэ

Тырныауз къалэм зэIузэпэщ щащIынущ «Отаров К.С. и цIэр зезыхьэ лицей №1» муниципальнэ еджапIэмрэ «Геолог» спорт комплексымрэ яку дэлъ лъэс зекIуапIэр. Ар хагъэхьащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым абы теухуауэ щитхащ:

«Урысейпсо онлайн-IэIэтыр щекIуэкIым, япэ игъэщыпхъэ Iуэхухэр щаубзыхум ар къыхахауэ щытащ щIыпIэм щыпсэухэм.

УхуакIуэхэм я къалэнщ лъэс лъагъуэм телъ асфальтыжьыр тратхъунщIыкIыжу щIэ тралъхьэну, иужькIэ тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ абдеж щагъэувынущ.

Лэжьыгъэхэм махуэ гъунэгъум щIадзэнущ икIи ахэр зэфIагъэкIын хуейщ дызэрыт илъэсым и кIэм ирихьэлIэу. Проектыр хуэгъэпсащ къалэдэсхэм я псэукIэр нэхъ тынш щIыным».

«ЗезыгъэакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щхьэпрылъэтыныр пIалъэкIэ япэубыдыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм фокIадэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №81-УГ-м и 8-нэ пунктым къару имыIэжу къэлъытэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къару имыIэжу къэлъытэн «Зезыгъэакlуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щхьэпрылъэтыныр пIалъэкIэ япэубыдыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2024 гъэм фокIадэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №81-УГ-м и 8-нэ пунктыр.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м
№35-УГ

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дaIыгъыу

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам Налшык дэт къалэ поликлиникэ №1-м щахуэзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЛIыхъужьхэр» программэм хэтхэм. Программэм ипкъ иткIэ унэтIыныгъэ щхьэхуэхэм хуэунэтIауэ егъэджэныгъэ дерсхэр къызэрагъэпэщ. «ЛIыхъужьхэм я зэман» къэрал программэм къыпызыщэ щIыналъэ жэрдэмыр хуэунэтIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ защIэгъэкъуэным.

КЪАЛЭБАТЭ Рустам тепсэлъыхьащ щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм социальнэ политикэр зэрыщагъэзащIэм, а унэтIыныгъэм щрагъэкIуэкI Iуэхухэм. Апхуэдэу программэм хэтхэр щагъэгъуэзащ поликлиникэм и лэжьыгъэр зэрызэтеублам, IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи IэщIагъэлIхэми абы къекIуалIэхэми я тыншыпIэм хуэщIауэ къызэрызэгъэпэщар ирагъэлъэгъуащ.

Программэм и ещанэ Iыхьэм хэтхэм яджынущ щIыналъэм и хабзэхэр, инвестицэ политикэр, хьэрычэтыщIэ Iуэхур зэрызэрагъэкIуэкI щIыкIэхэр, экономикэ зыужьыныгъэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр. Ахэр гъэзэщIэнымкIэ щыIэ къэрал Iуэху зехьэкIэхэм щагъэгъуэзэнущ.

Гулъытэ хэха хуащIынущ хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ дэIыгъыным, щIыналъэм и экономикэ зэфIэкIым хэгъэхъуэным, лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщыным.

Зи чэзу зэхыхьэм Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыщаIэтынур республикэм и социальнэ политикэрщ, егъэджэныгъэмрэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ программэхэр нэхъ щыпэрыту. ЗэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьынущ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ а программэхэм ягъэзащIэ мыхьэнэм.

Апхуэдэу и гугъу ящIынущ коррупцэм пэщIэтынымкIэ щыIэ Iэмалхэм, къулыкъущIэхэмрэ жылагъуэмрэ зэрызэдэлажьэм, абыхэм яку дэлъ дзыхьым, щIыпIэ бюджетыр зэраубзыхум, нэгъуэщI Iуэхухэми.

Программэм хэтхэм ядэлэжьэнущ РАНХиГС-м, республикэм и къулыкъущIапIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм парламентархэм зыщаплъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуауэ щыIэщ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр. Абыхэм яхэтщ РСО-Аланием и Хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу Гутнов Аслъэнбэчрэ Доевэ Светланэрэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ ухуэныгъэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI Остаев Георгий, ЗаконодательствэмкIэ, хабзэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и унафэщI Черчесов Аслъэн сымэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ хабзэубзыху IуэхущIапIэхэр зэрызэдэлажьэ зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащIэр. Псом хуэмыдэу щхьэпэщ хабзэ жэрдэмхэмкIэ яIэ зэфIэкIхэмкIэ щIыналъэхэр зэрызэхъуажэр, зэгусэу зэхыхьэхэмрэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ зэрырагъэкIуэкIыр.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетымрэ РСО-Аланием и Парламентым ЖКХ-мрэ ухуэныгъэ политикэмкIэ и комитетымрэ хэтхэр Дзэлыкъуэ районым щыIащ. ЩIыналъэм ахэр щеплъащ икIи щытепсэлъыхьащ социальнэ IуэхущIапIэхэр ухуэным, къуажэхэм зегъэужьыным ехьэлIауэ районыр зыхунэсам.

ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIын ипэ къихуэу, республикитIым я депутатхэмрэ районым и лIыкIуэхэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэ Хэкум и хъумакIуэхэм я утым ит Фэеплъ блыным деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ, хэкум папщIэ зи псэр зыта лIыхъужьхэм зы дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ.

АдэкIэ Iуэхум щыпащащ районым и щIыпIэ администрацэм и унэм. Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIхэм яз, Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным епха IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Джатэ Руслан**, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщI, ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Байдаев Сэлихь**, УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Къумал Заурбэч**, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**, ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий**, Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **ТекIушэ Артур**, ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Бжьахъуэ Ранетэ**.

Къызэхуэсахэм зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ РСО-Аланием и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Гутнов Аслъэнбэчрэ. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ псоми я зэхуэдэ гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэр къагъуэтынымкIэ зэгусэу ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Илъэс куэдкIэ районым и Iэтащхьэу щыта Джатэ Руслан жиIащ зэгъунэгъуфIым хуэдэу ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрызэдекIуэкIым мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Ар къытеувыIащ цIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш ящызыщI Iуэхухэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, районым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ псори цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр къэлъытауэ, абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэнэIуауэ къызэрызэрагъэпэщыр.

Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Дэхъушокъуэ Исмэхьил** щIыналъэм и тхыдэм, и псэукIэм, зэрызиужь Iэмалхэм теухуауэ къэпсэлъащ. Абы нэхъыбэу зытригъэщIар лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащIэрщ.

- Дзэлыкъуэ районыр Къэбэрдей-Балъкъэрым псынщIэу зыщызыужь и щIыналъэщ. Нобэ фIлъагъуну IуэхущIапIэхэр лъэпкъ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ едгъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэщ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. Абы дыщIигъуащ зэIущIэм я зэдэлэжьэныгъэр зэригъэбыдэнум, республикитIыр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалыщlэхэр зэрахуиубзыхунум шэч къызэрытримыхьэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Дзэлыкъуэ районым ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и центрым и унафэщI **Къущхьэ Масирэтрэ** Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и профсоюз IуэхущIапIэм и унафэщI **Ваниевэ Джульеттэрэ**.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэгъусэу зыщаплъыхьащ районым и IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм: Дзэлыкъуэкъуажэ дэт «Победа» ФОК-м (физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ тещIыхьар), Каменномост жылэм щыIэ «Заря» стадионым, Сэрмакъ къуажэм и курыт школ №1-м, Малкэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм.

Депутатхэм районым и спортсмен ныбжьыщIэ нэхъыфIхэр ягъэлъэпIащ икIи я адэ-анэхэм, щIэблэр гъэсэным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIыр къалъытэри, фIыщIэ тхылъхэр иратащ. ХьэщIэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ къызэрагъэпэща пшыхьым, школакIуэхэм ягъэхьэзыра «Осетия в лицах» гъэлъэгъуэныгъэм.

ХьэщIэхэм къыхагъэщащ здэщыIа IуэхущIапIэхэм я фIагъыр, цIыхухэм я Iуэхутхьэбзэ псори абыхэм зэрыщагъуэтыр. Хабзэубзыхухэм зыщагъэгъуэзащ щIыпIэм егъэджэныгъэр къызэрыщызэгъэпэщами зэрызыщагъэпсэхуми, апхуэдэуи егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ епсэлъащ.

Осетие Ищхъэрэм къикIахэр ялъэгъуам арэзы къыщIащ. Районыр зызыужь щIыпIэхэм зэрыщыщыр, зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыщалъагъур къыхагъэщащ.

Депутатхэр щызэчэнджэщым, хабзэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ жэрдэмхэр пхыгъэкIынымкIэ адэкIэ я мурадхэр ягъэбелджылащ.

• 2026 гъэр УФ-м и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ

«Гупсысэм и къарур»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ узэщIакIуэ, егъэджэныгъэ пэхуэщIэ купщIафIэ илъэс зыбжанэ лъандэрэ щрагъэкIуэкI ди къэралым. «Вагъуэ» къэралпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ, УФ-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и федеральнэ IэнатIэмрэ Урысейм и Лъэпкъхэм я унэмрэ, апхуэдэуи УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэм дaIыгъ а проектым и къалэн нэхъыщхьэр щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я псэкупсэ гупсысэм зегъэужьынырщ, щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджынымкIэ егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ сэбэп яхуэхъунырщ. А мурадхэр зи гъуэгугъэлъагъуэ лектор цIэрыIуэхэр яхуозэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, колледжхэмрэ лицейхэмрэ, курыт школхэм щеджэхэм.

ПРОЕКТЫМ и мыгъэрей лэжьыгъэр траухуащ 2026 гъэр ди къэралым щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэраубзыхуам. Абы къриубыдэу щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яхуэзэ, епсэлъылIэ цIыху цIэрыIуэхэми я лэжьыгъэм гулъытэ нэхъыбэ щыхуащI къытщIэхъуэ щIэблэр къэралым и тхыдэ блэкIам нэхъыфIу щыгъэгъуэзэным, хэкупсэ гупсысэхэр я дуней еплъыкIэм и лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щIыным, къэралым зыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэ, текIуэныгъэ псоми я тегъэщIапIэ лъэщыр абы ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр арауэ зэрыщытыр гъэнэIуэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыфын цIыху къэралым къигъэтэджыным. Апхуэдэ унэтIыныгъэм тещIыхьащ еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэщ зэхуэзэхэр, узэщIыныгъэ мыхьэнэ зиIэ зэIущIэхэр.

КъинэмыщIауэ, а лэжьыгъэр жэуаплыныгъэ ин зыхащIэу къэралым и щIыналъэхэм чэзууэрэ щызэфIэзых а узэщIакIуэхэр хущIокъу здэкIуа республикэм е областым щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэ щIэиным щыгъуазэ зэрызыхуащIыным. Лекторхэр жыджэру хэтщ щIыналъэ лъэпкъпсо фестивалхэм, щIыпIэм и цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа пшыхьхэм, яхуозэ еджапIэхэм я унафэщIхэми IэщIагъэлIхэми.

Дызэрыт мазэм и пэщIэдзэм проектым лэжьэн щыщIидзащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хиубыдэ щIыналъэхэм. Абы ипкъ иткIэ лекторхэр яхуозэ курыт школхэм я класс нэхъыжьхэм щIэсхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм, егъэджакIуэхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэмрэ. Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ щIыналъэ псори зэщIагъэхьэну я мураду, узэщIакIуэхэр, зэрытрахуамкIэ, яхуэзэфынущ, псори зэхэту къапщтэмэ, цIыху мин 25-м щIигъум. КИФЩI-м и унафэщIхэм къызэралъытэмкIэ, цIыху 40 хъу лекторхэм зэфIагъэкI лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ Кавказ Ищхъэрэм ис щIалэгъуалэм, ныбжьыщIэхэм я дежкIэ, сыту жыпIэмэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и лъапIагъым, тхыдэ, щэнхабзэ щIэинхэм жылагъуэм щаIэ увыпIэ лъагэм щIэблэр щыгъэгъуэзэным дапщэщи гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ, псом хуэмыдэу дызэрыт лъэхъэнэм.

Ди республикэми жыджэру щокIуэкI «Гупсысэм и къарур» узэщIакIуэ проектыр. Мы махуэхэм абы къызэщIиубыдакIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентрэ курыт школхэм я еджакIуэ нэхъыжьхэу цIыху минитIым щIигъу. Лекторхэм ирагъэкIуэкI зэхуэзэхэр купщIафIэщ. Ахэр мэхъу блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ лъэмыж, къэралым къихъуэ щIэблэм я хэкупсэ гупсысэхэр зыузэщI, зыгъэбыдэ, дэтхэнэ цIыхури Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ нэсу зэрыщытын хуейм хуэзыущий лэжьыгъэфI.

Проектыр зыгъэлажьэ лекторхэр щыIакIэщ ди республикэм и къалащхьэм дэт курыт школ зыбжанэм икIи зэIущIэ щхьэпэхэр, псалъэмакъ купщIафIэхэр щрагъэкIуэкIащ. «Хуабжьу дыщогуфIыкI «Гупсысэм и къарур» федеральнэ пэхуэщIэм ди курыт еджапIэр зэрыхиубыдам. Ди школым къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ ар купщIэшхуэ зиIэ зэIущIэт, лекцэ хьэлэмэтт, - жеIэ Налшык дэт курыт школ №17-м и унафэщIым и къуэдзэ Тхьэщыгъуей Аринэ. - Ди школакIуэхэм яхуэза лекторым хузэфIэкIащ и псалъэ дахэхэмкIэ, шэрыуэхэмкIэ сабийхэм я псэм нэсын. Абы ныбжьыщIэхэм къагуригъэIуэфащ зы Хэку уэздисмэ, зы къэралым ущыщмэ, узэрыIыгъыу, узэгурыIуэу упсэуным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, псом нэхърэ нэхъыщхьэри лъэпкъхэм яку дэлъ зэхущытыкIэ екIур, зэкъуэтыныгъэр арауэ зэрыщытыр».

Апхуэдэу лекторхэр яхуеблэгъащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Къамылыкъуэ жылэм дэт курыт школми. ЕджапIэм къыщызэрагъэпэща зэхуэзэм жыджэру хэтар хьэщIэхэм я закъуэкъым, атIэ школакIуэхэми абыхэм я егъэджакIуэхэми упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр я куэдт. ХьэщIэ лъапIэхэм папщIэ школым къыщызэрагъэпэщат гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Абы щыплъагъунут лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми ехьэлIа хьэпшыпхэр, апхуэдэуи Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и илъэсым хуэгъэзауэ школакIуэхэм ящIа сурэтхэр.

«Гупсысэм и къару» проектыр апхуэдэу купщIафIэу щолажьэ ди къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми.

КЪАРДЭН Маритэ.

Гъунапкъэншэ зэпсэлъэныгъэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр иджыблагъэ студентхэм яIущIащ. «Гъунапкъэншэ зэпсэлъэныгъэ» зыфIаща зэхыхьэм лъабжьэ хуэхъуар парламентархэмрэ студентхэмрэ зэIухауэ зэпсэлъэнырщ, щIалэгъуалэр республикэм, къэралым щекIуэкI Iуэхухэм нэхъ жыджэру хэтыным тегъэгушхуэнырщ, щIыналъэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм щыгъэгъуэзэнырщ.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым КъБКъУ-м Гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Джэрыджэ Залинэ къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ: «Нобэрей зэIущIэр лекцэкъым, атIэ псоми ди зэхуэдэ зэпсэлъэныгъэщ. ХьэщIэу къедгъэблэгъахэр къызэрыддэгуэшэну я ехъулIэныгъэхэм я хъыбархэр ди студентхэм гъуазэ яхуэхъуну, адэкIэ я гъуэгур яубзыхунымкIэ щапхъэ трахыну дыщогугъ».

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и хьэщIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу «Легко» рекламэ компанием и унафэщI Беспаловэ Наталье, «ЭРПАК» ЗАО-м и генеральнэ унафэщI Ерчэн Хъусен, «Текстильная индустрия» ООО-м финансхэмкIэ и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ Быф Альберт, дзэ Iуэху хэхам и ветеран, КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и центрым и унафэщI Шевчук Герман сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щIалэгъуалэм ядэгуэшащ зыпэрыт IэщIагъэр къызэрыхаха щIыкIэмкIэ, тепсэлъыхьахэщ жылагъуэ Iуэхухэм хыхьэну зэрытегушхуам, нэгъуэщIхэми.

Беспаловэ Наталье жиIащ и щIалэгъуэм дохутыр-генетик IэщIагъэм щIэхъуэпсу зэрыщытар, депутат хъуну игуи къызэрымыкIар. АрщхьэкIэ, экономикэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэт Iуэхумрэ дахьэхри, итIанэ къэрал къулыкъущIапIэм - ХэхакIуэ комиссэм лэжьэн щыщIидзащ. Хэхыныгъэхэм хэтыну зэрытриухуар лъэбакъуэшхуэт Наталье дежкIэ, абы тезыгъэгушхуар цIыхухэм ядэIэпыкъуну зэрыфIэфIырт. «Сэ къысщыгугъхэм, зи дзыхь къызэзыгъэзхэм сэбэп сахуэхъуныр, абыхэм я Iуэхухэр зэфIэзгъэкIыным гурыфIыгъуэ ин къызет жысIэмэ, пцIы супсынукъым», - яжриIащ Наталье студентхэм.

Быф Альберт къыхигъэщхьэхукIащ Москва къэрал университетым щызригъэгъуэта щIэныгъэр хэку цIыкIум къызэрыщигъэсэбэпым мыхьэнэ иIэу къызэрилъытэр: «Дэнэ дыщыIами, ди щIэныгъэри, зэфIэкIри дыкъыщалъхуа республикэм къэтхьыжын хуейщ. Абы сэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэт». Быфым къиIуэтэжащ хабзэубзыху лэжьыгъэм хуищI гулъытэр студент илъэсхэм къызэрыунэхуар, производствэм зэрыщылажьэр унафэ къызэращтэ Iэмалхэр къыбгурыIуэнымкIэ сэбэп зэрыхъур.

Ерчэн Хъусен жылагъуэ лэжьыгъэм философие еплъыкIэ хуиIэщ: «Сэ сыхуейщ дунейм сехыжа иужькIэ, цIыхухэм фIы и лъэныкъуэкIэ ягу сыкъэкIыжыну, ди республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыху щыпкъэу ягу сыкъинэну». Депутатым щIалэгъуалэр къыхуриджащ зэманыр пщIэншэу ямыгъэкIуэну, Iэмалу щыIэр жыджэру къагъэсэбэпыну.

Политикэм щыпхиша гъуэгур тыншу щымытами, Шевчук Герман къыхигъэщащ цIыхум удэIэпыкъуным уи псэр арэзы зэрищIыр: «Зыгуэрым и Iуэхур щызэфIэпхам, а цIыхур насыпыфIэу фIыщIэ къыщыпхуищIым деж уи гур зэрыхэхъуэ къудейр зимыуасэ щыIэкъым». Абыи щIалэгъуалэр къыхуриджащ гъащIэм щаIэ мурадхэр нэхъ пасэу яубзыхуну, зыхуагъэувыжа къалэнхэм ерыщу хуэкIуэну.

ЗэIущIэм и кIэухым студентхэм яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэр иратащ хабзэубзыху властым и лIыкIуэхэм. Тепсэлъыхьащ IэщIагъэр къызэрыхах щIыкIэхэм, я зэфIэкIхэм зэрызрагъэужьыным, лэжьапIэ къэгъуэтыным, КъБР-м и Парламентым практикэ зэрыщрагъэкIуэкIыфынум, нэгъуэщIхэми. Депутатхэм къыхагъэщащ студентхэм я жыджэрагъымрэ пэжу зэрыгупсысэмрэ ягу зэрырихьар, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм адэкIи ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр жаIащ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм шэч къытрахьэркъым апхуэдэ зэIущIэхэр хабзэфI зэрыхъунум, граждан Iуэху еплъыкIэмрэ IэщIагъэ унэтIыныгъэхэмрэ зэтегъэувэнымкIэ щIалэгъуалэм сэбэп зэрахуэхъунум.

ШЫПШ Даянэ.

Къалэ уэрамхэр зыхуей хуагъазэ

«Коммунальнэ инфраструктурэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ республикэм и къалащхьэм лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкI мы махуэхэм. Псалъэм къыдэкIуэу, 2025 гъэм Налшык къалэ администрацэмрэ ухуэныгъэ IуэхущIапIэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щыташ Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым псы къабзэ, къагъэсэбэпар зэрыкIуэ и бжьамийхэр иджырей мардэм хуэкIуэ материалхэм къыхэщIыкIахэмкIэ зэрахъуэкIыну.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР иджыпсту щрагъэкIуэкI Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамыр Кировым и цIэр зезыхьэм щыхыхьэжым деж щегъэжьауэ Головком и цIэр зезыхьэм нэсыху я зэхуакум дэлъ щIыпIэм.

КъиищынэмыщIауэ, Байсултановым и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщыщIэдзауэ Головком и цIэр зезыхьэм нэсыху псы къабзэ, къагъэсэбэпар зэрыкIуэ бжьамийхэр, псы жапIэхэр щызэрахъуэкIащ. Иджыпсту а уэрамым асфальтыщIэ зэрытралъхьэнум лъабжьэр хуагъэхьэзыр, къедза щIыпIэр зэIузэпэщ ящI.

ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым, Байсултановым и цIэр зезыхьэм деж нэсыху, псы къагъэсэбэпар зэрыIуаш бжьамийхэр щаукъуэдиящ. Псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийхэр дэлъхьэным, псы жапIэхэр хуэщIыным яужь итщ лэжьакIуэхэр иджыпсту. Абыхэм къыдэкIуэу, гъуэгум асфальтрэ бетонрэ зэхэщIауэ зэрытралъхьэным хуагъэхьэзыр.

А лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным икIи нобэкIэ IэщIагъэлIу 45 - 50 абы щолажьэ, иджырей техникэу 20 - 25-рэ къыщагъэсэбэп, къиташ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Насып тIуащIэу зыхищIэнут

ГъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къызэзынэкIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ НэщIэпыджэ (Шокъум) Риммэ. ГуакIуэщ и теплъэкIи, и цIыху щIыкIэкIи, псэлъэкIэкIи, IэужькIи. Риммэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми щехъулIа цIыхубз акъылыфIэщ. Къэзыухъуреихь псоми фIыуэ къалъагъуу, Iуэхуу зыпэрыхьэр гугъэзагъэу зэфIигъэкIыу, хущхъуэкIэ мыхъуу, и псалъэ IэфIымрэ и псэ къабзагъымкIэ сымаджэхэр игъэхъужу къекIуэкIащ ар. Мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъурщ цIыхубз гумащIэр ди газетеджэхэм едгъэцIыхуну мурад щIэтщIар. Ауэ апхуэдэ IуэхукIэ Риммэ ущытепсэлъыхькIэ, и цIэр къыумыIуэу хъунукъым абы къыдалъхуа Анзаури. ЗэтIолъхуэныкъуэхэм я псэр зы чысэм илъу илъэс 46-рэ къудейщ зэрызэдэпсэуар, арат Анзаур къыхуиуха гъащIэр...

КЪЭХЪУН къуажэм щыщ НэщIэпыджэхэ Анзоррэ Мозэрэ я унагъуэм илъэс 75-рэ ипэкIэ, гъатхэпэм и 21-м, зэтIолъхуэныкъуэу щIалэрэ зы хъыджэбзрэ - Анзауррэ Риммэрэ - къихъуащ. Ахэр къыдэкIуэтеиху, къыщалъхуа махуэр зэдагъэлъапIэу къекIуэкIащ, дауи. Зэдэлъхузэшыпхъур унагъуэ щхьэхуэ-щхьэхуэ хъуа нэужь, зырызу ягъэлъапIэу яублащ я махуэр: Анзаур - гъатхэпэм и 21-м, Риммэ - гъатхэпэм 22-м. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Анзаур пасэу дунейм ехыжащ... Нобэ Риммэ и гукъыдэжыр нэхъ мащIэми, дэлъхум и фэеплъыр ехъумэ, къащIэхъуэ щIэблэм и лъэр жану щIигъэкIыу мэпсэу.

Риммэ сыт щыгъуи и дэлъхур япэ иригъэщу, пщIэ хэха хуищIу къекIуэкIащ. Ноби и гъащIэ гъуэгуанэм щриплъэжкIэ, псом япэу игу къэкIыр Анзаурщ, аращ зи гугъу ищIри. ЦIыхум къигъэщIа илъэс бжыгъэракъым нэхъыщхьэр, атIэ къигъэна лъэужьырщ. И гъащIэ мащIэм къриубыдэу Анзаур куэдым хунэсащ. Илъэс 21-м иту Нарткъалэ унэлъащIэ комбинатым и автогаражым щылэжьэн щIидзат абы. А зэманым ар икIи еджэрт, Тэрч къалэм мэкъумэш хуэIухуэщIэхэмкIэ и техникумым и студентт. ИужькIэ ЖЭК-м, «Мэкъумэштехникэ» IуэхущIапIэм щылэжьащ, Нарткъалэ дэт «Водоканал»-м и унафэщIу щытащ иужьрей илъэсхэм.

Дэнэ щылэжьами, зыхэт гупым пщIэ къыхуащIу, и псалъэр ялъытэу апхуэдэт. Мызэ-мытIэу щIыналъэ, къалэ администрацэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Бынищым я адэти, Анзаур лажьэрт, и щхьэгъусэ Заремэ сабийхэм яхэст, унагъуэр зыхуей хуигъазэу.

1997 гъэм и щэкIуэгъуэм унагъуэм гуауэшхуэ къатепсыхащ. Псэун щIидза къудейрэ къыдэкIуэтей быным я ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкI Анзаур дунейм ехыжащ. Зэшыпхъухэми, анэми я гуауэр хьэлъэт, гъэвыгъуейт, щхьэгъусэм дежкIэ гузэвэгъуэшхуэт. Гуауэм хигъащIэми, и бгыр щIикъузэри, и сабиищыр зыхуей хуэзэу ипIащ Заремэ. Дэтхэнэми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ, гъащIэм зэрыхэпсэукIын акъылрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдилъхьащ, унагъуэ щхьэхуэу игъэтIысыжащ. ХъыджэбзитIыр - Джульеттэрэ Заретэрэ - экономист IэщIагъэм хуеджащ, унагъуэхэщ. Ахьмэд юристщ, зэзыгъэкIуж судыщIэм и къуэдзэу мэлажьэ. Анзаур и бынхэм къатепщIыкIа къуэрылъху-пхъурылъхуу 9 иIэщ. Джульеттэ ипхъу нэхъыжь Лянэ Осетие Ищхъэрэ медицинэ академиер къиухауэ дерматологыу мэлажьэ, Миланэ иджыпсту дохутыр IэщIагъэм хуоджэ, Алихъан школакIуэщ. Заретэ ипхъу Диани дохутыр IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ, стоматологыу мэлажьэ, Ислъам КъБКъУ-м и юридическэ факультетым щIэсщ.

Анзаур яхэмытыжми, унагъуэр зыхуей хуигъэззэфащ щхьэгъусэ акъылыфIэм, Iэдэбым, Iущым. Нобэ Заремэ зыхэс лъэпкъым пщIэ къыхуащIрэ чэнджэщэгъу нэсу къалъытэу апхуэдэщ. ЗэIусэм псэ хелъхьэ жыхуаIэращи, абы и акъылкIэ, и IэкIэ зэригъэззэхуа Iуэхур нэгъэсащ. И бынхэр зыхуей зэрыхуигъэзам хуэдэу, и щхьэгъусэм къыдалъхуахэри арэзы ищIыфащ Заремэ, гумащIэу ябгъэдэтщ. Адэшхуэм и лъэужьыр зэрымыкIуэдам и нэщэнэщ Ахьмэд и къуэ нэхъыжьым абы и цIэр зэрыфIищыжар. Ахьмэд щIалищрэ зы хъыджэбзрэ иIэщ.

«Къыздалъхуа си дэлъхур къэтэджыжауэ къысщыхъуат, ди щIалэр къызбгъэдыхьэу и адэм и цIэр и къуэм фIищыжыну хуейуэ къыщызжиIам. Сэ щэхуу сигу илъми, ину схужыIатэкъым...», - игу къегъэкIыж Риммэ. И дэлъхур имыIэжми, унагъуэ дахэм пщIэ щиIэщ абы. ИкIи зэпымыууэ Заремэ фIыщIэ хуищI зэпытщ.

Риммэ и акъылым и жанагъкIэ, и Iуэху бгъэдыхьэкIэм и шэрыуагъкIэ, и IэщIагъэм зэрыхуэIэзэмкIэ пщIэшхуэ иIэу илъэс 75-м нэсащ. Ар 9-нэ классым къыщIэкIри, консерв заводым уват. Аруан район сымаджэщым «Жор Плъыжь» зэгухьэныгъэм и курс къыщызэрагъэпэщати, пщыхьэщхьэкIэрэ абы кIуэурэ, медицинэ IэнатIэм и зэхэлъыкIэм зыщигъэгъуазэрт. Ар къиухри, район сымаджэщым щылэжьэн щIидзащ. ИкIи илъэс куэдкIэ а IэнатIэм пэрытащ. Риммэ гуапэу игу къегъэкIыж и IэщIагъэм теухуауэ куэд къезыгъэщIа дохутырхэу Хьэсанэ Лидэ, Щоджэн Нинэ, Шыбзыхъуэ Любэ, Жамборэ Хуржан, Дзыгъур Ануар сымэ.

И унагъуэри и лэжьапIэри къызыхуэтыншэу зэрихьэу, и гумащIагъымкIэ цIыхухэр къыдихьэхыу лэжьащ Риммэ. А псори зыхуей хуэзэу къехъулIэн папщIэ сыт щыгъуи и щIэгъэкъуэнщ и щхьэгъусэ Шокъум Жыраслъэн. Абыхэм щIалитI яIэщ. Юрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и юристщ, Арбитраж судым и унафэщIым и къуэдзэщ, Мурат хьэрычэтыщIэщ. Юрэ и щIалэ нэхъыжь Вадим Москва къэрал университетыр къиухащ, журналист-международник IэщIагъэр иIэу, иджыпсту ТАСС-м щолажьэ. ЕтIуанэ Идар РУДН-м и япэ курсым щоджэ. Мурат къуищ иIэщ.

Риммэ район сымаджэщым илъэс 36-кIэ щылэжьауэ Шокъумхэ я унагъуэр Шэрэдж Ищхъэрэ Iэпхъуэжащ. Абы щыгъуэми IэнатIэншэ хъуакъым ар - къуажэм дэт амбулаторэм уващ. ГупыщIэ зыхыхьам щылажьэ псори гуапэу къыщыпежьащ икIи тыншу яхэзэгъащ. Псом хуэмыдэу Сэхъурокъуэ ХьэкIулэ, Хужьокъуэ Тамарэ сымэ хуабжьу дэIэпыкъуэгъуфI икIи чэнджэщэгъуфI къыхуэхъуауэ зэрыщытар игу къегъэкIыж Риммэ.

Илъэс 50-м щIигъукIэ медицинэ IэнатIэм пэрытащ Шокъумыр. Езым зэрыжиIэмкIэ, и ехъулIэныгъэхэм папщIэ фIыщIэр зейр лэжьыгъэ Iуэхум теухуауэ зыри къыпэзымыубыд и щхьэгъусэрщ. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Шокъумхэ я унагъуэм илъ зэгурыIуэм папщIэ Аруан щIыналъэ администрацэм и щIыхь тхылъ 2017 гъэм къратауэ зэрыщытар.

И гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ Риммэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым, Аруан щIыналъэ администрацэм, «Урысей зэкъуэт» партым и республикэ къудамэм я фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр. Илъэс зыбжанэ ипэ «КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Ар къыхуихьащ псэемыблэжу зэрылэжьам, игурэ и псэрэ зэIухауэ цIыхум зэрахэтым, къыхуэныкъуэм и деж нэсурэ арэзы зэрищIам, жылагъуэм зэрахуэгуапэм.

Жьыщхьэ махуэ хъуауэ и къуэрылъху цIыкIухэм я жьантIэдэсрэ и щхьэгъусэ Жыраслъэн и щIэгъэкъуэну апхуэдэщ Риммэ. Зы закъуэщ игу хэзыгъэщIыр, къыдалъхуа и дэлъхур псэужарэ зэгъусэу илъэс 75-р ягъэлъэпIамэ, иIэ псори насып тIуащIэу зыхищIэнут...

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Мэлыжьыхь мазэм теухуауэ

Мы мазэм хуэдэу и фIэщыгъэцIэм техуэ куэд щыIэкъым, щыIэми абы ящыщ зыщ. ЗэрытщIэщи, гъатхэр псэущхьэу щIым тетым къатохьэлъэ, абы и пэщIэдзэр дунейм и зыхъуэжыгъуэщи, икъукIэ кIыхьщ икIи хьэлъэщ.

АДЫГЭМ игъащIэм Iэщ зэрахуэ: шы, IэщIэвыщIэ, жэм, мэл, бжэн... ЩIымахуэм пэщIэта Iэщым и къарур кIуэщIауэ, къаруншэ хъуауэ хуозэ. Ар псэущхьэ псоми зыхащIэ, псоми ящыщ щихь (щыхэлIыкI) щыIэщ, ауэ псом нэхърэ мэлым нэхъ зыхещIэ - къытохьэлъэ. Япэрауэ, адыгэ мэлыр илъэсым тIэу къащ: щIымахуэм зыхуигъэхьэзыру зэригъэпэща цы хуабэр ящ. Адыгэ мэлыр игъащIэм чэт щIагъэт, бэгу мыхъун щхьэкIэ къащ, абы и мызакъуэу, щыгъыным я нэхъыфIыр къызыхащIыкIыр бжьыхьэцырщ. ЩIымахуэм чэтым щIэтыху къытекIэж цыр куэдкIэ нэхъ цIырхъщ икIи нэхъ щабэщ, аращи, щIымахуэр ирихауэ, къарууншэу гъатхэпэ мазэ гугъужьри ирелъэфэкI, мэлхьэпIатIэм зэщIищтауэ. И лъыр хьэпIатIэм зэрырифым нэмыщIыжкIэ, и тхьэмбылым йоуэ. ХьэпIатIэмрэ гъатхэ щIыIэмрэ къызытехьэлъа мэлыжь къарууншэр тхьэмбылей мэхъу, гъатхэ дыгъэм къегъапцIэри, и пкъыр егъэлалэ, удзыщIэ къэкIам холъадэри, абыи зэщIех. Удз цIыкIу щыIэщ хужьу гъагъэу, шынэ-шынэм ещхьу. Мэлыжьыхь мазэм и 10 - 15-хэм куэду къытрекIутэ ар. Мэлыжь гужьеям ешх ари, абы егъэбэг. AIуейми аращ къырищIэр. Апхуэдэ хьэзабым хэт амыщыр уэшх щIыIэм хэтын хуей мэхъури, псыф мэхъу, жьы щIыIэ къыщIехужри, жьы хъуа мэл къарууншэр къелыркъым. Бжэнри апхуэдабзэщ, ауэ бжэныр къожьыфри, емызэгъын ишхамэ, къежьыж, арщхьэкIэ а Iуэхугъуэм ари къыщемыл щыIэщ. Аращи, мэлыжь дзэ зыIумытыжым зыхуей удзыр къыхуимычмэ, удз щабэ къыдэжеяр емызэгъмэ, абы къедбжэкIа къомыр хэтыжмэ - аращ мэлыжьыхькIэ мазэм щIеджэр. Ауэ щыхъукIи, мэлыжь псори ирищIыкIыркъым, къару нэхъ зиIэ, мэлхьэпIатIэм имыбла, тхьэмбылей мыхъуахэр къызэтонэ. Апхуэдиз зэкIэлъымыкIуагъэр къеуэмэ, мэл нэхъ щIалэIуэри егъэджалэ, уеблэмэ. А псори щекIуэкIыр мы зы мазэращ, адэкIэ хуабэмрэ удзымрэ къару къыщIохьэри, сыт хуэдэми яIуэтэж, нэхъ зэтоувэж.

Мы мазэм вабдзэр щIым щыхыхьэ жыхуиIэ IуэхугъуэфIри щаIэту, щагъэлъапIэу щытауэ ди нэхъыжьыфIхэм къаIуатэ. ГъатхэфI, гъалъхуэфI, гъэбэв, гъэ узыншэ Тхьэм тхуищI!

БАТIИТIЭ Мухьэмэд.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпIэзэрытыныгъэм и телъхьэщ

Урысей Федерацэмрэ Иран Республикэмрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Пезешкиан Масудрэ телефонкIэ зэпсэлъащ. ЛIыщхьэхэм и гугъу ящIащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщыIэ щытыкIэм.

ИРАНЫМ и УнафэщIым Исламабад мы махуэхэм щекIуэкIа иран-америкэ зэпсэлъэныгъэхэм теухуа и еплъыкIэр къигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу абы фIыщIэ ищIащ а Iуэхум теухуауэ Урысейм иубыда увыпIэм, дунейпсо утыкухэми щытыкIэр зэпIэзэрыт хъужыным и телъхьэу къызэрыпсалъэм папщIэ икIи къыхигъэщащ ди къэралым иран цIыхубэм гуманитар дэIэпыкъуныгъэкIэ зэрызыщIигъакъуэр гуапэ зэращыхъур.

Путин Владимир жиIащ зэныкъуэкъур политико-дипломатие IэмалхэмкIэ зэфIэха хъуным адэкIи хэлIыфIыхьыну зэрыхьэзырыр, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум захуагъэм тету мамырыгъэр щызэтегъэувэжыным кIэ дэлэлу къызэрыувынур.

Iыхьэ щанэм къагъэсэбэп

Урысейм и щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ и IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм мы илъэсми къыпащэнущ. Хэгъэгу зыбжанэм зыщIагъакъуэу, а Iуэхум трагъэкIуэдэн папщIэ иджыри сом меларди 2-м щIигъу хухахащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, медицинэ IэнатIэм бжыгъэ технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным сом меларди 10-м нэблагъэ хухахынущ. А мылъкур къэралым и щIыналъэ 84-м трагуэшэнущ. Iуэхур зэтеубла хъумэ, медицинэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэхэр ефIэкIуэнущ, апхуэдэуи дэфтэрхэр электрон жыпхъэм иту зэрагъакIуэу щIадзэнущ.

«Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и лэжьыгъэр хэпщIыкIыу иригъэфIэкIуэнущ, дохутырхэм я тхылъымпIэ лэжьыгъэр нэхъ мащIэ ищIынущ, сымаджэхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъ псынщIэу яIэрыхьэфынущ», - щыжиIащ УФ-м и Правительствэм и зэIущIэм премьер-министр Мишустин Михаил.

Мэлыжьыхьым и 14, *гъубж*

♦ **1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 15, *бэрэжьей*

♦ **Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ**

♦ **Экологием теухуа щIэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦ **Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**

♦ **1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ я дзэхэр Тэрч и деж щызэзэуащ.

♦ **1934 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Слъон Лудин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым *дыгъуасэ* къыщалъхуащ сабий 18. Абыхэм ящыщу 6-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 319-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2623-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пэж жыIэнур нэ ищIыным хуэдэщ.

Гагариныр ягу къагъэкIыж

УФ-м и Компартым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэр СССР-м и космонавт Гагарин Юрий и фэеплъ мывэу Налшык къалэ дэтым деж щызэхуэсащ, лIыхъужьыгъэ зезыхьа а цIыхур ягу зэримыхум и щыхьэту. ЗэIущIэм хэтахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ, псалъэ дахэ куэди щыхужаIащ хьэршым япэу кIуа цIыхум.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ УФ-м и Компартым ди щIыналъэм щиIэ и къудамэм и япэ секретарь Пащты Борис, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Къэнэмэт Замир, абы и къуэдзэ Шыдакъ Женя, УФ-м и Компартым и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарь Мыз Мурат, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Налшык къалэ къудамэм и унафэщI Къурашэ ФатIимэ, къэралым и комсомол-пионер зэщIэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и унафэщI Урысбий Еленэ, бзылъхугъэхэм я урысейпсо «Надежда России» зэгухьэныгъэм хэтхэр, спортымкIэ гъэсакIуэ Хьэмгъуокъу Мухьэмэд и нэIэ зытетхэр, ныбжьыщIэхэр, цIыху къызэрыгуэкIхэр, журналистхэр, телевиденэм и лэжьакIуэхэр.

Пащты Борис къыщыпсалъэм къыхигъэщащ:

- Ди нэхъыжьыфIхэм лэжьыгъэфI куэд къызэранэкIащ. Дуней псом къыщымыхъуауэ, СССР-м и цIыху гуащIафIэхэм, я щIэныгъэ куум, лэжьыгъэ къызэрымыкIуэм и фIыгъэкIэ, хьэршым лъагъуэ щыкIуэцIрашыфащ. Абы къыщыхъуну-къыщыщIэнур имыщIэу игурэ и щхьэрэ зэтелъу уэгум ихьащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр иужьым зыхуагъэфэща космонавт Гагарин Юрий. Абы лъандэрэ илъэс 65-рэ дэкIащ. Апхуэдэ хахуагъэ зезыхьам и фэеплъым пщIэ хуэтщIыпхъэщ, ди тхыдэм ныбжьыщIэхэр щыдгъэгъуэзапхъэщ.

Япэу хьэршым лъэта цIыху гуащIафIэм къызэIуиха лъэхъэнэщIэм и мыхьэнэр ноби инщ, къыпхуэмыIуэтэным хуэдизу. Абы лъандэрэ гъунэгъу планетэхэр къэгъэIурыщIэным щIэныгъэлIхэр яужь итщ, уеблэмэ хьэршым ит станцхэм иджы зыплъыхьакIуэ макIуэ къызэрыгуэкI цIыхухэри. Фэри фщIэуэ къыщIэкIынщ, нэгъабэ Урысейм и станцым кино щытрахыну лъэтауэ щытащ кинорежиссёр Шипенкэ Климрэ актрисэ Пересильд Юлиерэ, Урысейм и ЛIыхъужь, космонавт Шкаплеров Антон я гъусэу. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди лъэпкъэгъухэм ящыщ зыбжани хьэрш Iуэхум щыхуеджащ Москва.

Нобэ зи Iуэху къэзыгъанэу ди зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIахэм фIыщIэ фхузощI, - жиIащ Борис.

АдэкIэ къэпсэлъащ Мыз Мурат.

- ГъащIэм жыджэру хэта ди нэхъыжьыфIхэм фIыщIэ мыухыжыр яхуэфащащ. Абыхэм ялъэкI къагъэнакъым ди гъащIэр мамыру щытын папщIэ. Ди япэ ита, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа цIыху гуащIафIэхэм ящыщщ нобэ мыбдеж зи цIэр щыдгъэлъапIэ, лIыхъужьыгъэ зезыхьа, япэу хьэршыр зыхэзыщIа цIыху телъыджэ Гагарин Юрий.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт: ди хэкуэгъу лIы Iущ, еджагъэшхуэ, Урысей Академием и академик цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщауэ щыта, хьэрш ракетэхэр зэпкърылъхьэнымкIэ IэщIагъэлI Iэзэу куэдрэ абы хуэлэжьа Энеев Тимур. Ар Лениным и цIэкIэ щыIа Къэрал саугъэтым и лауреатщ. Хьэршыр джыным, ар къэгъэIурыщIэным теухуа и къэхутэныгъэхэм папщIэ щIэныгъэлI пажэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Лениным и цIэкIэ щыIа, Бэракъ Плъыжь орденхэр. Абы и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэр ноби хуолажьэ хьэршым яутIыпщ аппаратхэм я псынщIагъыр къэхутэнымрэ ахэр цIыхум и унафэм щIэгъэтынымрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм упэлъэщын папщIэ щIэныгъэфIи ббгъэдэлъын хуейт.

Хьэршым япэу лъэта лIыхъужьым и цIэр дунейпсо тхыдэм игъащIэкIэ хэмыкIуэдыкIыжыну къыхэнащ, - жиIащ Мызым. Зэхуэсым хэта ныбжьыщIэхэм абы теухуа уэрэд жаIащ, усэ къеджащ.

Iуэхугъуэ дахэр къызэрыхъурэ илъэс 65-рэ зэрырикъум папщIэ шар плъыжь 65-рэ уэгум ираутIыпщхьащ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Раисэ** *ейщ.*

И къару емыблэжу

Ди щIэджыкIакIуэхэм ящыщ куэдым фIыуэ яцIыху Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм щыщ Къардэн Мухьэмэд. Адыгэбзэ дахэ зыIурылъ а нэхъыжьыфIыр щIэх-щIэхыурэ къытхуотхэ, нэхъапэм зыпэрыта мэкъумэш IэнатIэм щыщыIа Iуэху зехьэкIэ екIум, абы я къару емыблэжу щылэжьахэр дигъэцIыхуу. Мы очеркыр Мухьэмэд триухуащ мэкъумэш IэнатIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа IэщIагъэлIхэм ящыща Ахуэмгъуэт Хьэсин Тамбий и къуэм.

МАХУЭ шэджагъуэм борэным щIидзащ, напIэзыпIэу, дэтхэнэ зы насыпыншагъэми хуэдэу. Уафэр къащхъуэу, дыгъэми, гъэмахуэ хуабэм хуэдэу, укъигъэплъу щытащ. Мис иджы, жьыбгъэ уаер къугъыу къыкъуэуащ, уэс къесыр нэ плъэгъуэ иримыту щIигъэIащ.

Борэным щыщIидзам Ахуэмгъуэтхэ я щIалэ Хьэсин мэлхэм зригъэгъазэу егъэзыпIэм кIуэжыну арат. УкIуэну жыжьэжкъым, гъуэгур фIыуэ ецIыху, ауэ зэуэ нэщхъей къэхъуа дунейр уфIыцIащ, зытес шыми и тхьэкIумэхэр илъагъу къудейщ, ауэ, ухуей-ухуэмейми, кIуэжын хуейщ. И Iэгъуапэмкlэ уэсым зыщихъумэурэ, Хьэсин мэлхэр ипэкIэ еху. ТIэкIунитIэ кIуэжмэ, унэм нэсыжынущ. Арщхьэкlэ жьыбгъэр делэ хъуам ярейщи, шы мыгъасэу зеукIыж.

КIыфIи хъуащи, фочи, мафIэдзи иIыгъкъым Хьэсин. Уеблэмэ, ишхын дыди къищтакъым. Борэныр кIащхъэ хъуркъым, мэлхэр къоувыIэ, язынукъуэхэри мэтIыс. ЗдэкIуэм, ар хуэзащ къуэ кIуэцI гуэрым. Мэлхэр гупу абы щызэхуихусащ. Къару зыбгъэдэмылъыж мэлхэр я щхьэхэр егъэзыхауэ зэхэпщхьащ, хыхьэпIэ имыIэу. «Зэ нэху щамэ арат. Пщэдджыжьым сыкъалъыхъуэнут... Сымыжеямэ арат... Мэлхэр кIуэдынущ», - гупсысэхэр щызэблож щIалэм и щхьэм.

Пщэдджыжьыпэ щIыIэм мэлхэр мэжэщIалIэм къигъэушащ. ЗэщIэхъаери, къэтэджу щIадзащ. Хьэсин зимыIэжьэу мэлхэр ирихужьэжащ. Ахэр япэм хуэмыдэу щхьэхынэу, къыкIэрыху хэту ежьащ. Борэнымрэ уэсымрэ зэщIищта бгылъэм здыкIуэцIрыкIым, псом нэхърэ нэхъ щIэшынэр и адэм и дзыхьыр хуэмыгъэпэжынырт. Хьэуэ, хьэуэ, ар къэхъункIэ Iэмал иIэкъым. Хьэсин ерыщу мэлхэр ипэкIэ еху. Езэша шыр трегъэгушхуэ, хьэхэм ящIогуауэ. Шэчыншэщ, Iэмал иIэкъым ахэр къагъуэтыжынущ. Ар щIалэм и фIэщ мэхъу...

Ещанэ махуэм ар школ партэм дэст, гъащIэм и япэ экзаменыр итауэ. Ар Хьэсин и иужьрей экзаментэкъым.

Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Хэку зауэшхуэ гущIэгъуншэр къэхъеящ. Хьэсин и ныбжьыр илъэс пщыкIубл фIэкIа мыхъуами, мэлхэр къызэрырагъэазэ, къызэраубыд лъакъуэубыдыр игъэтIылъри, зауэм кIуэн мурад иIэу военкоматым кIуащ. «Дыноджэху дэс», - къыжраIами, зауэм дагъэкIыху увыIакъым. Ахуэмгъуэтыр школым щыщIэсам нэщанэ еуэнымкIэ бжьыпэр куэдрэ къихьу щытати, зауэм щыIухьа япэ махуэм командирым къыгурыIуащ абы снайпер къызэрыхэкIынур. Абы фашисту хигъэщIам и бжыгъэм хэхъуэ зэпытт. Хьэсин зэрихьа лIыгъэмрэ Хэкум зэрыхуэпэжымрэ гу лъатэу, коммунист партми хагъэхьауэ щытащ.

Нэмыцэхэм Къырым хытIыгунукъуэм зыщагъэбыдат. Абыхэм я мурадащ абдежым ди дзэхэр къыщызэтрагъэувыIэну, Керчь деж щебгъэрыкIуа ди дзэхэм зэхаубла зауэ гуащIэм псыдэжыр мафIэу къигъэлыдат. Хьэсин бийм щыщ куэд иукIащ, офицер, сэлэт зыбжанэ гъэр къищIащ. Ауэ езыри уIэгъэ хъуауэ щытащ. НэхъыфI зэрыхъужу, абы игъэзэжащ зыхэта полкым. Хьэсин и гум техуакъым Севастополыр хуит къэзыщIыжахэм яхэмыту. А зэманым зауэлI хахуэм пщIэ зиIэ къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщат. Абыхэм ящыщт «ЩIыхь» орденым и 2-нэ, 3-нэ нагъыщэхэр, нэгъуэщI медалитхуи.

Зауэр ди текIуэныгъэкIэ иухри, Хьэсин къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. ЛIыхъужьу зэуарэ орденыбгъэу къэкIуэжа Ахуэмгъуэтыр зауэм ипэкIэ зыпэрыта IэнатIэм, мэл гъэхъуным, пэрыувэжат езым фIэфIу. Зы гъэ гуэрым щIымахуэр хуабжьу кIыхьлIыхь хъуат. Арыншами хозяйствэм и мащIэ мэкъумылэр зэриухрэ куэд щIати, губгъуэм ит Iэщым уэс щIагъым фIалъэкIэ къыщIауд мылыфырт яшхыр. Хьэсин абыхэм щахэплъэкIэ, и гур узырт. Акъыл хэлъу зи IэнатIэм бгъэдэт цIыхум сыт щыгъуи гъэтIылъыгъэ гуэр иIэщ. Хьэсин ищIэрт гъэ кIуам и кIэм хъун нэхъ здэщыIа щIыпIэхэр. АбыхэмкIэ щигъэхъуакIуэрт мэлхэр. Чыцэхэм я лъабжьэм къыщIэна мылыфыр псом хуэмыдэу сэбэпышхуэ хъуат абы щыгъуэ. Апхуэдэт гъуеймкIэ щыIэ къудамэщIэ цIыкIухэри. А гъэ бзаджэм язынукъуэ Iэщыхъуэхэм мэл куэд яфIихьащ, ауэ Хьэсин и мэл миным щIигъур хэщIыныгъэ имыIэу ихъумэфащ. А зэманыр мэл лъхуэгъуэу зэрыщытамрэ щынэу къалъхуахэри къызэригъэхъуамрэ къэплъытэмэ, Ахуэмгъуэтым Iуэхушхуэ зэфIигъэкIат.

Колхозым правленэмрэ партым и щIыпIэ зэгухьэныгъэмрэ лэжьакIуэ емызэшыж, коммунист пэж Хьэсин нэхъ IэнатIэ гугъум сыт щыгъуи пэрагъэувэрт. Арат Ахуэмгъуэтыр зи Iуэхур мыщIагъуэ гъэш фермэм щIагъэкIуауэ щытари. А зэманым сэ Iэщ дохутыр нэхъыщхьэу «Красная Кабарда» колхозым сыщыIэт. Сыдэлэжьащ а лIы хъыжьэм, лэжьакIуэшхуэм илъэсипщIым щIигъукIэ.

IэнатIэ мытыншым, и зэмани, и гуащIи емыблэжу, ехъулIэныгъэ иIэу илъэс плIыщIкIэ пэрыта Ахуэмгъуэт Хьэсин зэфIиха лэжьыгъэшхуэм пщIэ лъагэ игъуэтащ. Абы къыхуагъэфэщауэ щытащ «ЩIыхьым и дамыгъэ», «Жэпуэгъуэ революцэ» орден лъапIэхэр, Цlыхубэ хозяйствэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм я союзпсо гъэлъэгъуэныгъэм (ВДНХ) и дыщэ медалхэр.

«ЛIыхъужьыр дэни щылIыхъужьщ», - жаIэ. А псалъэ пэжхэр Ахуэмгъуэт Хьэсин епхьэлIэ хъунущ, зыри щIумыгъужу. Хьэсин и къуажэгъухэми, къыдалъхуахэми, зыцIыхуу щыта куэдми я гум ноби илъщ. ЛэжьакIуэшхуэм и лъэужьыр иджыри хэгъуэщакъым.

Зыгъэхьэзырар
КЪАРДЭН Маритэщ.

КуэдымхащIыкI

КъБКъУ-м Жылагъуэ жэрдэмхэмкIэ и пэшым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Хабзэ хъуа псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр: сыт дызэкъуэзыгъэувэр?» зэпсэлъэныгъэр. Абы къыщыпсэлъащ Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман. Ар студентхэм яхутепсэлъыхьащ Урысейм и лъэпкъ политикэм псэкупсэ гъуазэхэм, щэнхабзэм, хабзэхэм мыхьэнэшхуэ зэрыщаIэм.

- МЫХЬЭНЭШХУЭ иIэу къызолъытэ хабзэ хъуа псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэм теухуа псалъэмакъыр университетым зэрыщекIуэкIым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мы IуэхущIапIэр щIалэгъуалэм я дуней еплъыкIэр щызэфIэувэ щIыпIэщ. Кавказым лIэщIыгъуэкIэрэ щызэгъунэгъуущ лъэпкъ, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэщэ бжыгъэхэр, ауэ щыхъукIи, лъэпкъ псоми я лъабжьэ, лъапIэныгъэхэр зыщ. Фэрэ дэрэ ди зэхуэдэ къалэнщ тхыдэм и пэжыр, псэкупсэ-щэнгъасэ хъугъуэфIыгъуэхэр тхъумэныр, ахэр къэкIуэну щIэблэм я деж нэтхьэсыныр, - жиIащ Литвиновым.

УФ-м и Президентым къыдигъэкIа «Урысей псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымкIэ къэрал политикэм и лъабжьэр къэщтэным и IуэхукIэ» унафэм къыщыгъэлъэгъуащ Урысейр и щхьэ хущытыж цивилизацэ щхьэхуэу зэрыщытыр хьэкъ зыщI Iуэхугъуэ 17. Литвинов Роман зэрыжиIамкIэ, къэралым а лъэныкъуэмкIэ иригъэкIуэкI политикэр зыубзыху дэфтэрым и Iыхьэ нэхъыщхьэхэр зи лъабжьэ правовой акт 47-рэ 2025 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къищтащ. Аращ иджыпсту екIуэкI лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъур.

Кавказ Ищхъэрэм и щIалэгъуалэм я еплъыкIэр щыубзыхуа доклад утыку кърихьащ Социально-политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ центрым и унафэщI, Социальнэ лэжьыгъэм теориемрэ технологиемкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь, «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и лектор Iэрэмысэ Тимур. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м Социальнэ лэжьыгъэм теориемрэ технологиемкIэ и кафедрэм и доцент Шорэн Залинэ и къэпсэлъэныгъэр триухуащ унагъуэ институтыр зи гугъу тщIы лъапIэныгъэхэм я лъабжьэу зэрыщытым. Лекторым щапхъэу къиихьащ университетым щрагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм къигъэлъэгъуахэр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, студентхэм я процент 98-м унагъуэ яухуэну хуейщ, социально-экономикэ гугъуехьхэм емылъытауэ.

- ДыщыщIэупщIэм гу лъыттащ щIалэгъуалэр мы Iуэхум тегушхуауэ зэрыбгъэдэтым, унагъуэ къызэрызэрагъэпэщыным зэрыхущIэкъум. Унагъуэ щыпщIын хуейр уи ныбжьыр 25-м фIэкIа нэужьу къалъытэ нэхъыбэм. Респондентхэм къыдгурагъаIуэрт зэдэпсэун щIадзэн, сабий зрагъэгъуэтын и пэ щIэныгъэр и кIэм нагъэсын, лэжьапIэ увын зэрыхуейр, - къыхигъэщащ Залинэ.

Студентхэр жыджэру хэтащ мы Iуэхум икIи унагъуэм лъабжьэ хуэхъум, цIыхубзхэмрэ цIыхухъухэмрэ я зэхущытыкIэм, адэ-анэ ныбжьыщIэхэм я Iэмалхэм, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ ехьэлIауэ къэралым ит дэIэпыкъуныгъэм, нэгъуэщIхэми жыджэру тепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэр къызэзыгъэпэщар КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ социальнэ IуэхухэмкIэ и управленэмрэ Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэмрэщ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Театрым, кином, щэнхабзэм зэрыщыту хухэха махуэхэм журналистхэр ди гуапэу датотхыхь а IэнатIэм пэрытхэм, цIыху гъащIэр, къэралыр, псэукIэр нэхъ зыгъэбжьыфIэ, зыгъэдахэ цIыху цIэрыIуэхэм. МафIэм пэгъунэгъу лыр мажьэ жыхуиIэращи, а псор уи лъэпкъым щехьэлIам деж Iуэхум хэлъ дахэри, фаджэри, Iейри, фIыри нэхъ зыхыбощIэ, нэхъ кууэ зэпкърыпхыху Iэмал нэхъыбэ къыкъуэкIыным ущыгугъыу. Зи гугъу сщIым теухуауэ «Черкес хэку» газетым и журналист Лыхь Тимуррэ Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым и унафэщIым и къалэныр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Кавказфильм» киностудием и унафэщI, режиссер цIэрыIуэ ЕмкIуж Андзоррэ иджыблагъэ зэрызэпсэлъам фыщызгъэгъуэзэн ипэкIэ, жысIэнут Андзор адыгэ зэрыс республикищыр Iуэхукlэ зэпызыщIэ цIыхухэм зэращыщыр. Абы илъэс куэд щIауэ, нэхъыщхьэращи, ехъулIэныгъэхэр иIэу спектаклхэр щегъэув Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм. Урысейм щекIуэкI зэпеуэхэм, фестивалхэм къахощ абы и лэжьыгъэхэр. Адыгэ щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI щIалэр Къэрэшей-Шэрджэсым и адыгэ театрыр и нэIэ зэрыщIагъэувэрэ илъэсым щIигъуами аращ. Ауэ мащIэкъым а пIалъэ кIэщIым къриубыдэу абы спектаклу игъэувар, фIыщIэу къилэжьар. Андзор театрыр зэрызэрихьэм, адыгэбзэм и Iуэху зыIутыр зэрилъагъум, щIалэгъуалэр зэрыригъаджэм теухуауэ жиIэм «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэр щыдгъэгъуазэмэ тфIэфIу тыдодзэ.

Лъэпкъыр, бзэр, щэнхабзэр япэ изыгъэщ

● Гъуазджэ

Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым и артистхэр. Щысхэм яку дэсыр ЕмкIуж Андзорщ.

- Си гуапэ хъуащ, Андзор, театр Iуэхум нэмыщI, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ колледжым егъэджакIуэу узэрыщылажьэр щызэхэсхам. Сыт хуэдэ факультетым уегъэбыдылIа, сытым хуэбгъасэрэ щIалэгъуалэр?

- Колледжым сыщолажьэ театрым и унафэщIу сызэрагъэуврэ. ЩIэблэр хузогъасэ актер IэщIагъэм, режиссурэм, сценэм узэрыщыпсэлъэным. Мы еджапIэм япэ дыдэ сыкъэкIуауэ щытащ ди бзэр зыIурылъ ныбжьыщIэхэр къэслъыхъуэу, адыгэ театрым хэсшэн си мураду. Иджы, сэ езгъаджэуи, си лэжьэгъухэм ирагъаджэуи ирехъу, адыгэ театрым игъэув спектаклхэм я роль нэхъыщхьэхэм, гугъухэм щыджэгуу, труппэм и «лъыщIэ» хъуауэ къытхэтщ къэкIуэныфI зиIэ ныбжьыщIэхэу Шыбзыхъуэ Щэмил, Хьэкъун Кемран, Мамхэгъ Наирэ, Гундэхъу Тимур, ДыщэкI Анзор сымэ. Сыхуейт ди театрым ныбжь яIэу щылажьэхэм я нэIэ щIэту абыхэм заузэщIыну.

- Актер IэщIагъэмрэ анэдэлъхубзэмрэ дауэ къызэдекIуэкIрэ?

- Утыку итыкIэм и теориеу Станиславскэм и деж къыщежьамрэ актерым и къалэнхэмрэ зищIысым дапщэрэ ухуейми тепсэлъыхь, адыгэ лъэпкъым хуэлажьэм и Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыркъым. Режиссер ахъырзэману, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ актеру щрети, уи анэдэлъхубзэр пIурымылъмэ, адыгэ театрым сыткIэ урисэбэп? Бзэр - псэщ! «Сэ адыгэбзэр къызгуроIуэ, сримыпсалъэ щхьэкIэ», - жызыIэр адыгэжкъым, апхуэдэр адыгэ ныкъуэу аращ. Адыгэу укъалъхуамэ, инджылызыбзэр фIы дыдэу зэбгъэщIами, урысыбзэр езы урысхэм нэхърэ нэхъ къабзэу бгъэшэрыуэми, зэи а лъэпкъхэм ящыщ ухъуфынукъым. Нэхъ Iеижращи - уи бзэр зыIэщIэбгъэкIа, уи адыгэныр къыбоух. Абы сыт къизгъэкIыр? Ди щхьэщыгум итым цIыхуу дыкъыщигъэщIакIэ, мы щIыгум дыкъыщытригъэхьэм бзэ щхьэхуэ къыщыдитакIэ, ар тхъумэн хуейуэ къызолъытэ. Унэм лъабжьэ зэриIэм ещхьу, анэдэлъхуу адыгэм къылъыса бзэр и лъэпкъым пкъощIэсэ хуохъу.

- Адыгэбзэм хуэгъэза уи гупсысэр икъукIэ зыхэзбгъэщIащ, Андзор. СфIэгъэщIэгъуэныр пщIэрэ? И гущIыIум телъ си гукъеуэхэм яз щапхъэу къыпхуэсхьынщи, къызжеIэ уи еплъыкIэр. Нобэ дызэсауэ адыгэм зыхэдмыныжыф фIэхъус хыкIэ пхэнжхэм сыт етщIэфынур? «Уи пщэдджыжь фIыуэ», «Уи махуэ фIыуэ», «Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ» жыпIэу зызыхуэбгъазэхэм закъуэтIакъуэххэщ къахэкIыр адыгэбзэкIэ жэуап къозытыжу...

- «ФIэхъус апщий» къыджаIэрэ, «Упсэу апщиймкIэ» дыпэджэжу десатэмэ, фIы дыдэт. «Сэлам алейкум» къегъэблэгъэкIэращ иджыпсту нэхъ къагъэсэбэпыр. Абы сэ Iейуэ зыри хэслъагъуэркъым, ауэ а фIэхъус хыкIэр хьэрыпхэм я дежщ къыщежьар, ар абыхэм къахуэдгъэнэжу, ди бзэм хэт фIэхъус зэмылIэужьыгъуэхэр къэдгъэсэбэпыжамэ нэхъыфIт.

- Актер ныбжьыщIэу адыгэ театрым некIуалIэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтынымкIэ, я Iэзагъым хагъэхъуэнымкIэ Iэмалу сыт яIэр? Псалъэм папщIэ, Москва е Санкт-Петербург дэт театр институтхэм щеджэну хуей абыхэм яхэт?

- ЕджапIэм къыщIах щIэныгъэмрэ сценэм щитым деж ягъуэт зэхэщIыкIымрэ ауи зэбгъапщэ хъунукъым. Сэ ди нэхъыщIэхэм яхуэгъэзауэ жысIэну сыхуейщ я адыгэбзэмкIи, я Iуэху щIэкIэмкIи сызэрагъэгуфIэр. ФIы дыдэ хъунут зэбгрыкIыу еджэу, актерышхуэ хъуауэ къагъэзэжыну, ауэ псоми ар яхузэфIэкIынукъым щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу. Абыхэм яхэтщ еджэн папщIэ къалэ жыжьэ Iэпхъуэну хуэмеи, и хэку къыщынэжыну къыхэзыхи, мылъкIэ а Iуэхум пэмылъэщыни. Дауи, хъарзынэт щIэныгъэ куу яIэу Москва, Санкт-Петербург къикIыжа ныбжьыщIэхэр ди адыгэ театрым щынэхъыбэну. Ар дэркIэ хуабжьу ехъулIэныгъэшхуэт. Еджэну таучэл зыщIым дэ сыт щыгъуи дыдэIэпыкъуну дыхьэзырщ, къремыкIуэт закъуэ.

- Илъэс хъуащ шэрджэс театрым и унафэщIу узэрылажьэрэ. Сыт фхуэзэфIэкIауэ, зэвгъэхъулIауэ къыхэбгъэщыфынур?

- Ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу сэ солъытэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу адыгэ театрыр нобэ зэрылажьэр. Театрым иджыпсту зы цIыхуи Iуткъым мынэжэгужэу, фIэмыфIу лэжьапIэм къекIуалIэу. ЕтIуанэрауэ, адыгэ театру дыщыщыткIэ, япэу тегъэщIапIэ тщIыпхъэщ ди лъэпкъым и щэнхабзэр, и тхыдэр, и цIыху пажэхэр. Пушкинымрэ Гамзатовымрэ я Iэдакъэ къыщIэкIауэ спектакль дгъэуващ, мы гъэр Чеховым и илъэсщи, абы и тхыгъэхэм ящыщи долэжь.

Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и ехъулIэныгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Хьэбэч Умаррэ Къардэн Муратрэ ятеухуауэ, абхъаз тхакIуэ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» тхыдэ романым къытещIыкIауэ дгъэува спектакль гуузхэр. ИлъэсыщIэм теухуауэ цIыкIухэм таурыхъ яхуэдгъэхьэзырри, зи узыншагъэм сэкъат иIэ, зеиншэу къэна сабийхэр зыщIэс интернатым 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29 - 30 махуэхэм щыдгъэлъэгъуащ. Театрым и дунейпсо махуэм ехъулIэу, цIыкIухэм адыгэбзэкIэ яхуэдгъэува «Иныжьым и нэ» таурыхъри иджыблагъэ утыку къитхьащ. А псом къищынэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ къытпоплъэ ди спектаклхэр яхуэтшэну...

- Уэ къызэрыпщыхъумкIэ, Андзор, театрым деж кIэ ухэт е усыт уэ? Сыт хуэдэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу абы щыбгъэзащIэр?

- Ди нэхъыжьхэм ядэслъэгъуа лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зымыгъэкIуэд, ахэр щIэблэм ябгъэдэзылъхьэж цIыхуу театрым сыщылажьэу жысIэфынущ, си гупсысэр зытеухуар аращи. ГъащIэр щIэх дыдэ тIэщIоухэ, тхуримыкъуу. Нобэ тщIадлэжьаращ Iэужьу къэнэнур, ягу дыкъызэрагъэкIыжынур.

- Уэ дэ узэрытцIыхур адыгэ зэрыс щIыналъэхэм щылажьэ режиссерущ, псори зэщIэбгъэхьэн пхузэфIокI, дэни укъыщацIыху. Уэ езым дэнэ уи гур щыпсэхур, ущылэжьэну пфIэфIыр?

- Сэ Iуэху щысщIэ адыгэ зэрыс щIыналъэ псори си зэхуэдэщ. Си гум, си псэм фIэфIу къыхэсха IэщIагъэм си щхьэр иризгъэпсэу къудей мыхъуу, сыкъызыхэкIа лъэпкъым сыкъызэрыхуэсэбэпыным тезухуащ си гъащIэри, лъэпкъ щэнхабзэм зиужьын папщIэ си гуащIэ сыщысхьынукъым дэнэ сыщылэжьэми. Ауэ, пэжщ, укъыщалъхуа щIыпIэр нэхъ ппэблагъэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыпсэуну, сыщылэжьэну нэхъ сфIэфIщ, зэман дэкIмэ, абы зэрызгъэзэжынуми шэч хэлъкъым.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КъэралитIыр зэпызыщIэ

● Теплъэгъуэхэр

Кавказ Ищхъэрэм и Мэзылъэ, ХъупIэ, Къырылъэ, Гуэдзэн шытххэр, адрей хэгъэгухэм къызэрыщекIуэкIым хуэмыдэу, Осетие Ищхъэрэм и щIыналъэм гъунэгъу дыдэ щызэхуохъу, къуршыщхьэ аранэхэм я щхьэкIэ дыдэхэм я деж къыщыщIэдзауэ кIэраупсея пкIэлъей абрагъуэм и теувапIэхэм ещхьу, абы къыдэкIуэуи тыншу щызэхыбоцIыхукI.

КЪУРШХЭМ щхьэпрыкIыу, Владикавказрэ Тбилисирэ зэпызыщIэ гъуэгур Куржымрэ Урысеймрэ щыпсэухэр зэлъэзыгъэIэс Iэмал нэхъ псынщIэхэм ящыщщ. Мы щхьэдэхыпIэмкIэ автомобиль куэдыкIей щызэхэзокIуэ. Абыхэм я нэхъыбэр цIыхухэр зыхуеину хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ къезышэкI трейлерышхуэхэрщ. Зи гугъу тщIы гъуэгумкIэ зэкIэлъокIуэ Урысеймрэ Армениемрэ щыпсэухэри.

Владикавказ дэт автовокзалым деж узэрыщеувэхыу, зэуэ гу зылъыптэр Куржым и къалащхьэм унэзыдзысыфын автомашинэхэр абдежым куэду зэрыщызэхэтырщ. Ар къыбощIэ абыхэм якIэрыгъэпщIа хъыбарегъащIэ тхыгъэхэмкIи зыр псэлъамэ адрейм кIэлъигъэпIэщIэжу къызэрехужьэ езы «гублащхьэдэсхэмкIи». Зэрызэхьэрхуэрэгъур къыуагъащIэу къыббгъэдыхьэ таксизехуэхэм я нэгу уиплъа иужь, уи фIэщ мыхъуныр Iэмал зимыIэщ ящыщ дэтхэнэми Куржым и къалащхьэм унашэсыну уи дзыхь ебгъэзмэ, Iуэхутхьэбзэшхуэ яхуэпщIа хуэдэу къызэралъытэнур.

Налшык сизыша микроавтобусыр къэзыувыхьахэм къахэслъагъукIащ зи ныбжьыр илъэс 50-м щхьэдэхагъэн щIалэ къуэгъу лъагъугъуафIэр. Сыщыбгъэдыхьэм, абы сыIуишащ тIэкIуи жьыфэ зытеуа «Волга-24» и машинэм. Абдеж дыдэм щытт ныддежьэну тегушхуа нэгъуэщI зы щIали. ДыщызэрыцIыхум, ар лъэпкъкIэ азербайджану къыщIэкIащ. Тбилиси нэс ди гъусэу накIуэу, абдежым пэмыжыжьэж и хэкумкIэ иригъэзэкIыжын мурадыр иIэт.

Владикавказ удэжауэ, ипщэ лъэныкъуэмкIэ километр 20 хуэдизкIэ укъыIукIмэ, Ингуш Республикэм и зы къуапэм гъунэгъу дыдэу убгъэдохьэ. А лъэныкъуэмкIэ щыIэ бгыхэр зи къежьапIэ Армхи, езым я щIыналъэмкIэ щезыгъэзых къуршыпс уэр нэхъыщхьэу Ассэ зи фIэщыгъэм хэмылъэдэжу, ТэрчкIэ зыкъегъазэ. Арагъэнущ Дарьял къуэладжэм и зы щIыпIэм деж Ингушымрэ Осетиемрэ я щIы кIапэхэр щIызэпыхьэри.

Мыдрейуи къыхэдгъэщынщи, пщэдджыжьым машинэ цIыкIу уису Налшык удэкIмэ, а махуэм и пщыхьэщхьэм Тбилиси унэсынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я къалащхьэхэр зэпызыщIэ километри 117-р къызэнэкIыным ику иту текIуадэр сыхьэти 2-рэ дакъикъэ 15-рэщ.

Къырылъэ шытхыр тIуащIэ лъащIэм лъагэу щыщхьэщыувэ щIыпIэм узэрикIыу, Джейрах лъапэрытым уохьэ. Абдежращ Осетием ныбжь нэхъ зиIэ и жылагъуэхэм хабжэ Чми къуажэ цIыкIур зэрытыр. Абы и Iэхэлъахэм кхъэлъахэжь-чэщанэжьхэр щыкуэдщ.

...Километр 12 фIэкIа зи мыкIыхьагъ Дарьял къуэладжэм и нэхъ зэвыпIэ дыдэр, «къущхьэ жьанэкIэ» узэджэ хъунур, Гуэдзэн шытхыр Тэрч и тIуащIэм «щыщхьэпрыбэкъукI» дыдэм ирохьэлIэ. Абдежращ Кавказым и къурш нэхъ дахэхэм хабжэ Казбек, уафэгум итым хуэдэу, уардэу къыщыщхьэщылыдыкIыр. Абы адыгэхэр пасэ зэманым СонэбгкIи IуащхьэмахуэЦIыкIукIи еджэу щытащ. АдэкIэ къуэм удэту тIэкIу удэкIуэтеижмэ, Урысей Федерацэм и Ларс Ипщэ постым ухуэзэнущ. Ар Дарьял жьанэм и дыхьэпIэ дыдэм деж Iутщ.

Дарьял жьанэ

КъэралитIым я гъунапкъэр хуозэ Ларс Ипщэ плъырыпIэмрэ Куржым и щIыналъэм хыхьэ Степанцминда (жьымкIэ Казбеги) къуажэмрэ я зэхуакум.

Дзэ-Куржы гъуэгур здыпхрыкI кIейр къызэрымыкIуэу дахэщ, зыкъызэрызыкъуих и лъэныкъуэкIи телъыджащэщ. Ар щыпхрашар ижь-ижьыж лъандэрэ чэруанакIуэхэр зэрызекIуэу щыта лъагъуэжьымкIэщ. Абы щхьэкIэ осетинхэм «Арвыком» е «Дайраны ком» жаIэ, шэшэнхэм - «Дарий ял», мышкъышхэм (ингушхэм) - «Дярей ол» фIэщыгъэхэрщ нэхъ къагъэсэбэпыр («Дарий гъуэгу» - «Шёлковый путь» мыхьэнэр къикIыу), языныкъуэхэми «Жор (Крестовэ) щхьэдэхыпIэ», «Гъудаур (Гудаурский) сэнтх» фIэщыгъэхэр нэхъ яфIэкъабылщ.

Гу зылъытапхъэр аращи, зи гугъу тщIы гъуэгум, Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм щхьэдэхыу Куржым и щыхьэрым хуэкIуэм, псори зэхэту, километр 208-рэ и кIыхьагъщ. КIэщIу дыкъриплъэжынщи, Владикавказ укъыдиша иужькIэ, Тэрч къыздежэхымкIэ егъазэри, Дарьял къущхьэ жьанэм дохьэ, Гуэдзэн шытхыр зэпеупщIри, Тэрч хэхуэж Байдаркэ псы цIыкIум бгъуроувэ, адэкIэ тIэкIу мэкIуатэри, 1824 гъэм къыщыщIэдзауэ «Жор (Крестовэ) щхьэдэхыпIэ» цIэр зезыхьэ, метр 2384-рэ зи лъагагъ Гъудаур пэнтхым (сэнтхым) йохьэ.

Зэ еплъыгъуэкIэ мыбдежыр къурш щхьэдэхыпIэу зэрыпщIэн мы дунейм теткъым, лъагапIэхэр апхуэдизкIэ щызэпэжыжьэщ, щызэлъыIукIуэтащи. Абы къыдэкIуэуи, сэнтхыщхьэр сэтей зэфэзэщщ, тафэщ, мыбдежым къыщыщIэж псы къуэпсхэм ящыщу ищхъэрэкIэ езыгъэзыххэри ипщэкIэ езыIуэнтIэкIхэри зэуэ зэхэбгъэкIыну яужь уихьэкIэ къомыхъулIэнри хэлъщ, абы щыгъуэми, машинэ псынщIэм уису уздэжэм.

АтIэми, КъущхьэщIыб КавказымкIэ щежэх Арагви Хужь хэлъэдэж псы къуэпсхэм ящыщ зым сэтей щыгур и къежьапIэщ. АдэкIэ гъуэгур, къуршылъэ жьэгъухэм щIэлъадэ-къыщIэкIыжурэ, зыкъомрэ зыкъыщигъэза иужькIэ, хуэм-хуэмурэ губгъуэшхуэм йохьэ, Мтквари (Кура) псышхуэм и Iуфэм Iуохьэ икIи, ар зэпиупщIа иужькIэ, ижьрабгъу лъэныкъуэр и гъуазэу, Куржым и къалащхьэм, «хуэщхьэхынафэ» щIыкIэу, дохьэ...



Тхыдэм щыщу

Тэрч и псыхъуэр тхыдэ щIэинхэмкIи къулейщ. Псалъэм папщIэ апхуэдэщ, жьанэ зэвыпIэм километр нэблагъэкIэ узэрыфIэкIыу, метр 60 хуэдизкIэ гъуэгум щхьэщыту, мывэ ду лъагэм чэщанэжь теплъэ зиIэу къытещ ухуэныгъэ телъыджэу пасэ зэманым псэуа Куржы пащтыхь гуащэ Тамарэ и быдапIэу щытар.

Лъэхъэнэ жыжьэхэм дунейм тета тхыдэтххэм, Дарьял жьанэм и цIэр къыщыхагъэщкIэ, «Сармат куэбжэ» («Sarmat cae Portae»), «Кавказым и куэбжэ», «Аланхэм я куэбжэ» фIэщыгъэхэрат къагъэсэбэпыр. Иужьрей щIыпIэцIэр дунейм къыщытехьар курыт лIэщIыгъуэхэм я щIэдзапIэрщ. Абдежращ Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и зэпрыкIыпIэ нэхъ уардэм икIи цIэрыIуэм аланхэр тепщэу щыщытар.

Куржы дыхьэпIэр зэгуэр къэбэрдей адыгэхэми яIыгъащ. Абы щыхьэт техъуэ тхыгъэжь гуэрхэр къэунэхужащ. А псоми мызэкIэ датемыпсэлъыхьыфми, XVI лIэщIыгъуэм и кIэхэм Кавказым къыхуеплъэкIын щIэзыдзауэ щыта урыс дзэпщхэм къагъэна тхыгъэм и гугъу тщIынщ. Абы къызэрыхэщымкIэ, а лъэхъэнэ жыжьэм Дарьял дыхьэпIэр зи IэмыщIэ илъар Къэбэрдейм и пщышхуэхэу Джылъахъстэн Алъхъэсрэ Талъостэн Щолэхъурэщ.

А зэманым иужь ита лIэщIыгъуэхэми Къэбэрдейм и зэфIэкIым кIэрыхуатэкъым, хэхъуа фIэкIа. Псалъэм папщIэ, 1753 гъэм Тифлис къытезэрыгуауэ щыта къэжэрхэм япэщIэува дзэ пакIэм и тепщэу щытар Мысостхэ къатепщIыкIыжа Къарэмырзэ Кургъуокъуэщ. Абы бгъурыуват пщыхэу Талъостэн Къазийрэ Джылъахъстэн Къанщокъуэрэ...

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

Театр лэжьакIуэхэм я пшыхь гуапэ

● Щэнхабзэ

Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэр (СТД) илъэси 150-рэ, абы и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр илъэс 85-рэ мы гъэм зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь.

ТЕАТРЫМ и утыкум, абы и къуагъым махуэ къэс щекIуэкI лэжьыгъэ «къибыргъукIым» ухэзыгъэгъуазэ теплъэгъуэ щIэщыгъуэкIэ къызэIуахащ пшыхьыр. «Къэралыр гъуазджэм зэрыхуэлажьэ зэману лIэщIыгъуэ ныкъуэр къэплъытэмэ, 85-р республикэм и щэнхабзэ гъащIэм и пIалъэу жыпIэмэ - а илъэсхэр гухэхъуэгъуэм, щIэщыгъуэ лъыхъуэным, щIэ гуэр дунейм къытегъэхьэным, гъуазджэм и текIуэныгъэхэм я зэхэкIыпIэу убж хъунущ. Тегушхуауэ утыкум къитхьэ лэжьыгъэхэмкIэ щIэблэхэр, дыхуэсакъыпэу тхъумэ лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ зэпызыщIэ мэгъу къарущ театрыр», - жаIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIахэм.

Япэу псалъэ зрата, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин къеджащ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу УФ-м и СТД-р илъэси 150-рэ, абы и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр илъэс 85-рэ зэрырикъумкIэ. Ди щIыналъэр иропагэ и театрхэм щIэлъ хабзэ дахэхэм, утыкум и IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэхэм. Республикэм и театрхэм цIыхухэр ягъэгуфIэ къудейкъым, атIэ щэнхабзэ, псэкупсэ гъэсэныгъэм и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхущIапIэщ ахэр. А гъуазджэ лIэужьыгъуэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ дихьэхынымкIэ щапхъэщ щIыналъэ зэхуаку, урысейпсо зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтыр, я зэфIэкI утыкушхуэхэм зэрыщагъэлъагъуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр гъуазджэм и тхыдэм къыхэнащ напэкIуэцI мымащIэ сценэм и IэпщIэлъапщIэхэм, артистхэм, режиссёрхэм, нэгъуэщI театр лэжьакIуэхэм ятеухуауэ. Абыхэм я цIэм ди щIыналъэри ди къэралым и театр щэнхабзэм хуэлажьэхэри ирогушхуэ. Репертуарым и къулеигъэм, актёрхэм я Iэзагъэм, театрым и щыIэкIэ-псэукIэмрэ и хабзэхэмрэ ахэр зэрыхуэпэжым я фIыгъэкIэ, къэралым и щэнхабзэ гъащIэм къыхолыдыкI ди IуэхущIапIэхэр. Си фIэщ мэхъу Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и юбилей илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ махуэшхуэ зэрыхъунур, я къарур зэрагъэунэху спектакль купщIафIэхэмкIэ дызэрагъэгуфIэнур. Гъуазджэм фызэрыхуэпэжым, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр фыхуэсакъыу зэрыфхъумэм папщIэ фIыщIэшхуэ фхузощI. Дэтхэнэ фи спектаклми гукъыдэж къывитыну, фи лэжьыгъэр къызыгурыIуэ, зэхэзыщIыкI театреплъхэр пэшым щIэзу фиIэну си гуапэщ. ЕхъулIэныгъэ фыщымыщIэну, фи IэнатIэм гукъыдэж къыпэкIуэу куэдрэ фылэжьэну, - щыжыIащ КъБР-и и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI тхыгъэм.

Къэрал псом щыцапхъэ, зыпэмылъэщын щымыIэу театр лъэщхэр дызэриIэр, абыхэм я зэфIэкIым зэпымыууэ зэрыригушхуэр Къумахуэм къыхигъэщри, зи пашэ министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Апхуэдэу ягъэлъэпIащ Бесчокъуэ Майе, Дэбагъуэ Роман, Дау Марианнэ, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Жулабов ТIэхьир, Горноуховэ Татьянэ, Куэтэншы Хьэлимэт, Куламетовэ Рушание, Кулиевэ Элизэт, Урусовэ Розэ, Хъыдзэдж Борис, Шал (Чыхумахуэ) ФатIимэ сымэ.

Утыкум ищхьэкIэ щыфIэдза экранышхуэмкIэ къызэхуэсахэм закъыхуигъэзащ, зи махуэр зыгъэлъапIэхэм къехъуэхъуащ УФ-м и СТД-м и унафэщI Машков Владимир.

КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Фырэ Майе пщэрылъ гуапэ иIэт. Махуэшхуэм кIэ ар зейхэми къызэхуэсахэми ехъуэхъуа иужь, абы щIыхь тхылъкIэ гулъытэ хуищIащ Къумахуэ Мухьэдин. Уэркъуасэ Артур, Къалмыкъ Маринэ, Ульбашевэ Миланэ сымэ зэгухьэныгъэм зэрыхагъэхьамкIэ тхылъхэр яритыжащ. Къахуэщхьэпэну Тхьэм жиIэ!

КъыкIэлъыкIуэу IуэхущIапIэм и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ къэрал театрхэм я актёр зи лэжьыгъэкIэ къыхэжаныкIахэм. ЦIыхухъу, цIыхубз ролхэм, апхуэдэ роль нэхъыщхьэхэм, зи ролыр кIэщIу, ауэ гукъинэжу спектаклхэм хэтахэм я зэфIэкIыр илъытащ зэгухьэныгъэм. ЖыпIэнуракъэ, къэзымылэжьауэ зы яхэткъым абыхэми, дяпэкIи я гуащIэр гулъытэншэ мыхъуну ди гуапэщ.

Пшыхьыр республикэм и артистхэм, «Кабардинка» академическэ, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие ансамблхэм ягъэдэхащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъуазджэм драгъэхьэх щIэблэр

Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Музыкэ школ №1-м, Музыкэ школ №2-м гъатхэпэм и кIэхэм щекIуэкIащ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм я «Творческие вершины» зэпеуэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м художественнэ егъэджэныгъэмкIэ и Методикэ центрым, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтымрэ и дэIэпыкъуэгъуу.

● Зэпеуэхэр

Гран-прир зыхуагъэфэща Мэсей Iэдэм.

ЗЭПЕУЭР 2011 гъэ лъандэрэ йокIуэкI, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зрагъэужьын, зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъун мурадкIэ ирагъэжьауэ.

Зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щеплъыжащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и студентхэр, республикэм и макъамэ, гъуазджэ еджапIэхэм щIэсхэр. Зэпеуэр унэтIыныгъэ зыбжанэу гуэшащ: «Оркестровые инструменты», «Народные инструменты», «Фортепиано», «Юный музыковед». «Музыка без границ» унэтIыныгъэ щхьэхуэри щыIащ, зи узыншагъэм къимыхьхэм папщIэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм художественнэ егъэджэныгъэмкIэ и методикэ центрым и унафэщI Бэрбэч Беслъэн къызэрыджиIамкIэ, «Фортепианэ» еуэхэм ящыщу илъэс 13 - 14 ныбжьым итхэр зэпеуэм нэхъ къыхэжаныкIащ, зэфIэкI ин зэраIэр къагъэлъэгъуащ.

Къэпщытакlуэ гупым хэтащ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым фортепианэмкIэ и егъэджакIуэхэу Шпильберг Леонидрэ Темыркъан Иринэрэ, колледжым фортепианэмкIэ и къудамэм и комиссэм и унафэщI Къэзанш Оксанэ сымэ. Абыхэми къыхагъэщащ ныбжьыщIэхэм зэхьэзэхуэм фIыуэ зэрызыхуагъэхьэзырар.

- Москварэ Санкт-Петербургрэ я консерваторэхэм Чайковскэм и цIэкIэ балигъхэм папщIэ щрагъэкIуэкI зэпеуэм ебгъапщэмэ, фIагъкIэ мы зэхьхьэр къызэрыкIэрымыхур нэрылъагъут. ПрограммэмкIэ пианистхэм къапэщылът жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ классикэ лэжьыгъэхэр ягъэзэщIэнуи, ныбжьыщIэхэм адрей гъэхэм ефIэкIыу зэрызагъэхьэзырар си гуапэу къыхызогъэщ. ЖыпIэнурамэ, ныбжьыщIэхэм къыхахахэр апхуэдизкIэ гугъути, консерваторэр кърибух хъунут, - жеIэ Беслъэн. - Пианистхэм зым нэхъ адрейм нэхъыфIу зыкъагъэлъэгъуащ. ЗэрытемыгъакIуэу апхуэдизкIэ зэныкъуэкъуати, уахэдэну гугъут. Япэ увыпIэр ныбжьыщIиплIым (Бэрбэч Iэдэм, Болий Дианэ, Бороздин Сергей, Рахманов Макар) зэдагуэшри, саугъэт нэхъыщхьэр, Гран-прир, Мэсей Iэдэм хуэдгъэфэщащ. ЩIалэр и гъэсэнщ Щоджэн Мадинэ. Фортепианэ еуэ щIалэхэр куэд щIауэ дызэримыIам къыхэкIыу, мыбыхэм куэдкIэ дащогугъ. АдэкIи щIемыгъуэжу я зэфIэкIым зэрыхагъэхъуэнум шэч къытетхьэркъым.

Налшык къалэм и Сабий музыкэ школ №1-м, Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэм, щекIуэкIащ зэпеуэм и Iыхьэ «Оркестровые инструменты» жыхуиIэр. Зэхьэзэхуэм жыджэру хэтащ Прохладнэ, Нарткъалэ, Тырныауз, Налшык, Владикавказ къалэхэм я музыкэ школхэм щеджэ, илъэси 8-м щыщIэдзауэ илъэс 17 ныбжьым ит ныбжьыщIэ 18.

Къэпщытакlуэ гупым хэтащ оркестр макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ, камернэ ансамблымрэ концертмейстер IэзагъэмкIэ кафедрэм и доцентхэу Жилач Светланэрэ Моттаев Тимуррэ. КъэпщытакIуэхэм я унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал филармонием и симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI икIи и дирижёр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Темыркъан Пётр къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм ехъулIэныгъэ зэраIэр.

Мы унэтIыныгъэм щытекIуащ Налшык Гъуазджэхэмкlэ и школ №1-м и скрипач КIуэкIуэ Андемыр. ЕгъэджакIуэр Хачатуровэ Ольгэщ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым и студент Саньков Александр япэ нагъыщэм и лауреат хъуащ. Ар щоджэ доцент Моттаев Тимур и классым. Концертмейстерыр Моттаевэ Регинэщ.

«Народные инструменты» зэпеуэм Гран-при саугъэтыр къыщихьащ зэфIэкI зиIэ сабийхэм зэрадэлажьэм папщIэ УФ-м и Президентым и саугъэтыр зыхуагъэфэща Шэрыб Валерэ и гъэсэн пшынауэ Шэрджэс Даниял.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

IэмалыщIэхэр къыхалъхьэ

«Россети Кавказ Ищхъэрэ» компанием и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм къыщапщытэжащ 2025 гъэмрэ дызэрыт илъэсымрэ япэ мазитIымрэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуахэр. IуэхущIапIэм и унафэщI Зэгъэщтокъуэ Резуан зэрыжиIэмкIэ, электрокъаруу яфIэкIуэдым и куэдагъыр гъэмэщIэнымкIэ энергетикхэм ятелъа планыр ягъэзащIэри, уеблэмэ щIрагъэгъуащ.

ЭЛЕКТРОКЪАРУУЭ яфIэкIуэдым и куэдагъым процент 18,97-кIэ хагъэщIащ 2025 гъэм икIи абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 0,86-кIэ нэхъ мащIэщ ар. «Къэббалъкъэнергом» нэгъабэ телъа планым процент 1,16-кIэ щIрагъэгъуащ - ар киловатт-сыхьэту (кВт/ч) мелуан 23-рэ мэхъу. ЖыпIэнурамэ, фейдэуэ къргъэщIам и куэдагъым тхьэмахуитI енкIэ Налшык къалэ (цIыху мин 245-м щIигъу зыщыпсэур) электрокъарукIэ къыхузэгъэпэщынущ.

Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - мазаем къриубыдэу цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ къагъэсэбэпащ электрокъаруэ киловатт-сыхьэт мелуан 286,9-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ киловатт-сыхьэт мелуан 11,8-кIэ нэхъыбэщ ар.

Республикэм и энергетикхэм я лэжьыгъэхэр иригъэфIэкIуэн яхузэфIэкIащ хабзэр къызэпызыуду электрокъарур къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр зэрагъэмэщIам, электрокъарур здэкIуэ щIыпIэхэр къэзыпщытэ иджырей технологие ехьэжьахэр къызэрыхашам, цIыхухэм драгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм я фIыгъэкIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Аделинэ егъэгуфIэ

ГъащIэр Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэхэухуэна хъумэ, пкъыгъуэ зэпэщхьэхуэхэмкIэ ар зэхэшэпсыхьмэ, курыхыу унагъуэ насыпым дежкIэ щытыр сыт?! Шэч хэмылъу, ар унагъуэм къихъуэ сабийрщ! Апхуэдэ фIыгъуэкIэ Къытщхьэщытыр къызыхуэупсахэм ящыщщ Дэхъухэ я унагъуэр.

ДЭХЪУ лъэпкъыр пщIэрэ щIыхьрэ зиIэу къэгъуэгурыкIуэхэм ящыщщ. Абы хыхьэ, ар зыпкъ, лъэпкъ зыщI унагъуэхэм ящыщщ Артуррэ Залинэрэ зэдаухуар. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэу зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзищ зэдагъуэтащ. Дисанэ, Айсанэ, Аделинэ адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ гъэсахэщ, нэр зытеплъызэхэщ, губзыгъащэхэщ. Адэшхуэ Замиррэ анэшхуэ Ритэрэ ахэр зыщIапIыкIыр нэмыс щIыныршщ, зэчий, гъэсэныгъэ дахэу хъыджэбзхэм яхэлъыр фащэ телъыджэу хьэл яхуэхъунырщ.

ЗэрытщIэщи, унагъуэм нэхъыщIэ дыдэу исым нэхъыжьхэр щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъу зэпытщ. ИмыщIэр ищIэфу, ищIар фIы и лъэныкъуэкIэ къызэридзэкIыфу ягъасэ сабийр. Дэхъу унагъуэри арыххэщ. ЕплIанэ классым щеджэ Аделинэ *(сурэтым)* зыщIагъакъуэ нэхъыжьхэм, доIэпыкъу. Езы пщащэ цIыкIури къыхуащIэм, кърагъэлъагъум иригуфIэу щыскъым, атIэ махуэ къэс Iыхьлыхэр, благъэхэр егъэгуфIэ. Дэхъу Аделинэ илъэс зыбжанэ хъуауэ теннисым дехьэх, мы спорт лIэужьыгъуэми лъэкIыныгъэ, ехъулIэныгъэ инхэри къыщегъэлъагъуэ. Къалэм, республикэм, Урысей Федерацэм щекIуэкI зэпеуэхэм, зэхьэзэхуэхэм абы бжьэгъу увыпIэр къыщехь. ИлъэсипщI хъу пщащэр теннисымкIэ республикэм и гуп къыхэхам хэтщ.

Дэхъу Артур зи унафэщIу щыт гупым зи лъэкIыныгъэ къыщызыгъэлъагъуэ Аделинэ и ехъулIэныгъэхэм хэхъуэ зэпыту зэрыщытым ирогуфIэ и шыпхъу нэхъыжьхэр. Ахэри теннисым хуабжьу дихьэх хъыджэбзхэщ. КъБКъУ-м и студент Дисани еханэ классым щеджэ Айсани теннисым и щэхухэр къызэращIэн, зэпеуэхэм увыпIэ къызэрыщахьын мурадыр я гуращэщ.

Дэхъу Аделинэ Налшык и курыт школ №26-м и еджакIуэщ. Абы еджэнымкIэ дамыгъэу къихьыр «тху» защIэщ. ЗыпищI щыIэкъым адыгэбзэ дерсхэмрэ есэп щIынымрэ. Классым щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм, еджапIэм щызэхашэ зэхьэзэхуэхэм, къыщызэрагъэпэщ дерс зэIухахэм бжьыпэр щиIыгъщ Аделинэ. ФIыщIэ, щытхъу зэрыт тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр зэхуэмыдэхэу къызыхуагъэфащэ, зрат Дэхъум и цIэр фIыкIэ, республикэм къищынэмыщIауэ, хамэ къалэхэми щыжаIэ. Ар куэд и уасэкъэ, аракъэ насыпми и Iыхьэу щытыр - уи бын и гъэсэныгъэкIэ, лъэкIыныгъэкIэ фIы къыхужаIэмэ.

Нарт эпосым дызыщыхуэзэ пщащэ цIыкIур ди нобэрей зэманым щыхьэщIэу къыпфIощI, Аделинэ уеплъа нэужь - губзыгъэу къопсалъэ, гъэсэныгъэ дахэ зыдэплъагъу ныбжьыщIэщ ар. Адэшхуэ-анэшхуэ Замиррэ Ритэри, адэ-анэ Артуррэ Залинэрэ лъэпкъым хуэфэщэн щIэблэ къащIоувэри, а псоми я лъэнкIапIэр жан ещI. Тхьэм иригъэфIакIуэ адыгэ унагъуэ дахэр!

МАХУЭЛI Беслъэн.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЗэранщIакIуэхэр къыщIагъэщащ

Илъэс 26-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу щIалэм Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ. Щхьэусыгъуэр Терскол къуажэм щиIэ и хьэщIэщ унэм жэщым мафIэ зэрыщIадзартщ. Абы сом мин 550-рэ хэщIыныгъэу игъуэтащ.

ПОЛИЦЭМ и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым яубзыхуащ шэч зыхуащIхэр - ахэр КъБР-м щыщ, илъэс 26-рэ зи ныбжь щIалитIырщ. Яубыдахэм ялэжьамкIэ заумысыжащ.

Iуащхьэмахуэ ОМВД-м и Следственнэ IэнатIэм шэч зыхуащIхэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 167-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIыс.

Шэч зыхуащIхэм я лъапсэм имыкIыну хуагъэуващ.

Наркотикхэр къытрах

Урысей МВД-м и Тэрч район къудамэм, «Вершина» ОМОН-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу яубыдащ илъэс 49-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэур.

Ар къыщащым къыкъуахащ пкъыгъуэ гъуабжэ зэрылъ полимер зэкIуэцIышыхьа.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ар грамм 1,6-рэ хъу «N-метилэфедрон» наркотикхэкIщ.

Тэрч район ОМВД-м и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Сом мини 130-рэ хэщIыныгъэу

Налшык и полицэм зыхуигъэзащ Шэджэм районым щыпсэу, илъэс 43-рэ зи ныбжьым. Абы зэрыжиIамкIэ, зэрыджэгу приставкэр бэджэнду махуи 10-кIэ иритащ цIыхухъу гуэрым сом мини 3 кърити.

МАЗЭ дэкIри, ардыдэм абы Iихащ апхуэдэ етIуанэр. Арщхьэкlэ, бэджэнд пIалъэр иуха нэужь цIыхухъум ахэр кърикIуэжакъым икIи зыкъригъэгъуэтыжакъым. Абы кърикIуащ сом мини 130-рэ хэщIыныгъэ.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм зы жэщ-махуэм къриубыдэу яубыдащ шэч зыхуащIыр - илъэс 31-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэур. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ бэджэнду къиIщта приставкэхэр сом мин 52-рэ къыпэкIуэу ломбардым зэрыритар, ахъшэр езыр зыхуэныкъуэм зэрытригъэкIуэдар.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Шэч зыхуащIым щIыпIэм имыкIыну Iэ щIрагъэдзащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Иужь дакъикъиплIыр къатехьэлъэжащ

● Футбол

«Чайка-М» (Песчанокопскэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Песчанокопскэ. Чайкэ И.П. и цIэр зезыхьэ стадион. Мэлыжьыхьым и 11-м. ЦIыху 285-рэ еплъащ.

Судьяхэр Клюев (Воронеж), Голов (Волгоград), Соколов (Ставрополь).

«**Чайка-М**»: Завалеев, Хачаев, Бугаев, Терехов (Дебушевский, 67), Петров, Ладыченкэ (Игнатенкэ, 84), Пензенкэ (Кузьмин Е., 61), Мударов (Кузьмин И., 61), Артеменкэ (Веселовский, 61), Козаченкэ, Василенкэ.

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Балъкъыз, Пириев, КIэдыкIуей, Гирзишев, Гъуэгузокъуэ, Блий, Селяев (Сарбашев, 46), ХьэцIыкIу (Пекъу, 68), Хьэшыр (Лысенкэ, 76), Ибрагимов.

Топхэр дагъэкIащ: Селяевым, 9 (0:1). Кузьмин И., 86 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Кузьмин И., Гирзишевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр фIы дыдэу езыгъэжьа «Спартак-Налшыкым» Песчанокопскэ къутырми гугъуехь лъэпкъ щимыIэну къытщыхъуат. «Астрахань»-мрэ Хасавюрт и «Победа»-мрэ пэщIэдзэ зэIущIэхэм хэзыгъэщIэфа ди щIалэхэм адэкIи дагъэгуфIэну дыщыгугъырт, езыхэри зыщIэхъуэпсыр арат. Апхуэдэ гурыщIэхэр щIагъэбыдэжащ «Чайка-М»-м дэджэгун зэрыщIадза щIыкIэми - дакъикъибгъу дэкIауэ арат Селяев Амырхъан налшыкдэсхэр япэ щригъэщам.

АдэкIи ди щIалэхэр хущIэкъуащ бжыгъэр ягъэбэгъуэну икIи Iэмал хъарзынэ зыбжанэ яIащ. Арщхьэкlэ зэманыр кIуэрт, ауэ псори зэрыщытт. Уеблэмэ топыр щэнейрэ гъуащхьэм техуэурэ къэлъеижащ. Апхуэдэу щыхъум «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм мурад ящIащ текIуэныгъэр къахуэзыхь бжыгъэр яхъумэну. Джэгур иухыным нэхъ мащIэ къэнэжыхукIэ ди щIалэхэм я гъуэм нэхъ зракъузылIэжырт. Абы фIы къызэримыкIыр иджыри зэ наIуэ къэхъуащ - дакъикъиплI къэнэжауэ арат хэгъэрейхэм бжыгъэр зэхуэдэ щыщIыжам.

Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьэну налшыкдэсхэм зэман къахуэнэжатэкъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ яIэщIэкIащ я Iэрылъхьэу къащыхъуа текIуэныгъэмрэ турнир таблицэм щаIыгъа япэ увыпIэмрэ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Избербаш щыIэу щIыпIэ «Нефтяник»-р бжыгъэшхуэкIэ хэзыгъэщIа «Севастополь»-м. Ар джэгугъуищми щытекIуащ. «Спартак-Налшыкым» къиIщынэмыщIауэ абы къыкIэлъокIуэ Хасавюрт къыщыхамыгъэщIэфа «Кызылташ»-р.

ПэщIэдзэ джэгугъуитIым зэрыщытемыгъэкIуа щымыIамэ, ещанэм ар щрагъэкъужащ. Апхуэдэхэр абы зэIущIиплI щыхъуащ.

МыIейуэ ирагъэжьащ ди къуэш республикэхэм я командэхэми. Дон Iус Ростов щыIэу Черкесск и «Нартыр» хэгъэрейхэм ефIэкIащ икIи пашэхэм япэгъунэгъу дыдэ хъуащ. Луганск и «Заря»-м къыпикIуэтакъым Мейкъуапэ и «Дружба»-ри. Адыгейм и футболистхэр иджыпстукIэ курыт увыпIэхэм ящыщ зым щытщ, ауэ гурыIуэгъуэщ куэдкIэ нэхъыбэ зэрахузэфIэкIынур.

Зэхьэзэхуэм щIидза къудейщ икIи адэкIэ зэрыхъунум утепсэлъыхьыну иджыри пасэщ. Апхуэдэу щытми, гуапэщ «Спартак-Налшыкым» хъарзынэу зэрыригъэжьар.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Нарт**» (Черкесск) - **0:1**, «**Заря**» (Луганск) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1:1**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **0:0**, «**Нефтяник**» (Избербаш) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **0:3**, «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Кызылташ**» (Къырым) - **0:0**, «**Шахтёр**» (Донецк) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **1:0**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **ПСК** (Первореченскэ) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щрагъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 18-м абы кърагъэблэгъэнущ иужь зэIущIитIым щытекIуа Донецк и «Шахтёр»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Севастополь»**	**3**	**3**	**0**	**0**	**9-2**	**9**
2.	**«Спартак-Налшык»**	**3**	**2**	**1**	**0**	**7-2**	**7**
3.	**«Кызылташ»**	**3**	**2**	**1**	**0**	**3-0**	**7**
4.	«Нарт»	3	2	0	1	6-1	6
5.	«Шахтёр»	3	2	0	1	3-1	6
6.	«Ангушт»	3	2	0	1	2-1	6
7.	«Дружба»	3	1	1	1	4-4	4
8.	«Рубин»	3	1	1	1	1-2	4
9.	«Ростов-2»	3	1	0	2	5-5	3
10.	ПСК	2	1	0	1	5-5	3
11.	«Динамо-2» Мх	2	1	0	1	2-2	3
12.	«Нефтяник»	3	1	0	2	2-9	3
13.	«Чайка-М»	3	0	1	2	1-4	1
14.	«Астрахань»	3	0	1	2	0-3	1
15.	**«Победа»**	**3**	**0**	**1**	**2**	**1-5**	**1**
16.	**«Заря»**	**3**	**0**	**1**	**2**	**3-8**	**1**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894

Тиражыр 1.250

Заказыр №733

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.